79
К 41

# Гөззал үлке

Гулпаршын Камалова



79
СР К41
122

ГҮЛПАРШЫН ҚАМАЛОВА



# ГӨЗЗАЛ ҮЛКЕ

*Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейиниң материаллары тийкарында гүрриңлер*

7988
MA'LIMLEME RESURS ORAYI

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1986

84 карак
к 41

Қамалова Г. Гөззал үлке: — Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986 — 60 б.

Мәдений мийрасымызды қәстерлеў ҳәм оларға ҳүрмет пенен қараў барлық ўақытта партиямыз бенен ҳүкиметимиздиң дыққат орайында болып келмекте.

Гүлпаршын Қамалова көп жыллардан берли Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейинде ислеп киятыр.

Бул китапшада, үлкемиз тарийхын үйрениўде музейдиң, тутқан роли, тәрбиялық әхмийети, сондай-ақ қарақалпақ халқының миллий қол өнериниң үлгилери ҳәм руҳий мәдениятымызға үлес қосып атырған искусство шеберлери ҳаққындағы қызықлы гүрриңлери орын алған.

Китапша көпшилик китап оқыўшыларына арналған.

К $\frac{0508000\ 000 — 085}{М—357(04)—86}$ 44 — 86

175902
ККАССР
Республиканск. детской
библиотека
Методическ. отдел
Респ. детск. библиотека
ККАССР

© «Қарақалпақстан» баспасы 1986.



# МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАРЫМЫЗДЫ ҚӘСТЕРЛЕЙИК

Марксизм-Ленинизм классиклери тарийхый өтмишти үйренбей турып бүгинги жәмийетимиздиң уллылығын ҳәм оның әхмийетин ылайықлы баҳалаў мүмкин емес екенлигин қайта-қайта тәкирарлаған еди.

Ҳақыйқатында да, бизлер жасап атырған дәўирдиң тарийхый тамырлары, мәдений мийрасымыздың сағасы — өтмиштен басланады. Биз оларды үйрениўде, баҳалаўда барлық ўақытта Ленинлик методологиялық көрсетпелерге тийкарланамыз ҳәм сүйенемиз.

Мәдений мийрасларға болған ғамқорлық, бүгинги күнимизде де партиямыздың дыққат орайында болып келмекте. «Советлер Союзы Коммунистлик партиясының программасы»ның жаңа редакциясында былай деп көрсетилген: «КПСС мийнеткешлерди жоқары идеялық ҳәм коммунизмге садықлық, совет патриотизми ҳәм пролетар, социалистлик интернационализм, мийнетке ҳәм жәмийетлик байлыққа саналы мүнасибетте болыў руҳында тәрбиялаўды, оларды руҳий мәденияттың ғәзийнелерине барған сайын анағурлым толық тартыўды социалистлик турмыс қәлпине қайшы келетуғын қылықларды сапластырыўды идеологиялық жумыстағы тийкарғы ўазыйпа деп есаплайды»[1]

Жасларды руҳий мәденияттың үлкен ғәзийнелерине саналы қатнас жасаўға ҳәм оларды ҳүрметлеўге тәрбиялап барыўда музейлердиң тутқан роли де өз алдына бир бөлек.

[1] Советлер Союзы Коммунистлик партиясының Программасы (Жаңа редакциясы) Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 60-бет.

Музей сөзиниң тийкары Грек тилинен келип шыққан болып, музаларға бағышланған жай деген мәнини аңлатқан, кейин ала тарийхый, материаллық ҳәм руҳий естеликлерди топлаў, сақлаў, үйрениў ҳәм пропагандалаўшы илимий-ағартыў орайына айланған.

Ҳәзирги дәўирде музейлер бир неше атамаларға бөлинеди: тарийхый музей, этнография музейи, искусство музейи, зоология музейи, мемориал музейлер, әдебият музейи ҳәм тағы басқалар.

Уллы Октябрь Социалистлик революциясынан кейин мәдений мийрасларға ғамхорлық айрықша дыққат, итибарға алынды. Нәтийжеде, Қарақалпақстанда 1929-жылы биринши музейге тийкар салынды. Сол ўақыттан берли музей экспозициясын жақсылаў, фондын байытыў жолында көптен-көп мийнет етилди. Бул үлгили ислерде бизге рус ҳәм басқада туўысқан халықлардың илимпазларының жәрдеми оғада уллы болды.

Бүгинги күнде ҳәзирги музей хызметкерлери устазларының изинен жүрип, өзлериниң әлўан түрли ис тәжирийбелерин байытып қоймастан, оны керекли экспонатлар менен толықтырып, өтмиштиң руҳий мәдениятын бүгинги күнниң раўажланған мәдениятына орынлы түрде сиңдирип барыўға күш салып атырғанлығын да айрықша атап көрсетиўимиз орынлы болар еди.

Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейи үлкен-үлкен бес бөлимнен турады. Олар—тәбият бөлими, тарийхтың совет дәўирине шекемги бөлими, совет дәўири, бөлими, илимий-методикалық бөлим мәдений массалық жумыслар бойынша бөлим. Ал музейдиң барлық жыйналған экспонатлары музей фондында сақланып, ол өз алдына бир бөлим болып аталады.

Тәбият бөлими—музейдиң тийкарғы бөлимлериниң бири болып ол музейге келген көриўши-тамашагөйлердиң үлкемиздиң әжайып тәбияты менен толық танысыўына мүмкиншилик береди. Усының менен бирликте үлкемиздиң шегарасын ҳәм оның көлеми менен климатын, топырақ составының дүзилисин, рельефин, өсимликлердиң түрлери менен таныстырады. Нәтийжеде ҳәрбир адамда өз үлкесине деген қызығыўшылығын арттырып патриотлық сезими қәлиплеседи ҳәм артады.

Қарақалпақстан АССР ы Орта Азия ҳәм Қазақстан



республикасының аралығына жайласқан шөлистанлықтың орайы болып, оның улыўма көлеми Өзбекстан ССР ының 40 процентке шамалас территориясын (165,6 мың кв. км) тутады. Республикамыздың улыўма территориясына Үстирт шөлистанының 7 мың кв. км Қызыл қумның 2 мың кв. км ден аслам жер майданы кирип, олардың арасына жайласқан тоғайлар ҳәм қамыслар өскен ойпатлық Әмиўдәрья дельтасы, Султан ўәйис таўы, Белтаў, Қырантаў, Қусханатаў, Порлытаў ҳәм тағы басқа усыларға усаған бийикликлер жайласқан. Территориясының ҳәм жер шараятының усындай ҳәрқыйлы болыў себебинен ҳайўанлар дүньясының жасаў жағдайларының тарылыўының ҳәр қыйлы экосистемаларда (биотопларда) өзгеше екенин көремиз. Мысалы Үстирт ҳәм Қызылқумда сан муғдары азайып кеткен я болмаса жоқ болып кетиў қәўпинде турған ҳайўанлардан алакузен, қум пышығы, қарақулақ, қара қуйрық, кийик ҳәм тағы басқалар ушыраса, тоғай ҳәм қамыслықларда қамыс пышығы қусаған ҳайўанлар жасайды.

Тарийхый мағлыўматларға қарағанда үлкемизде ушырасатуғын ҳайўанлардың көпшилиги басқа географиялық зоналардан келип тарқалғаны мәлим. Мысалы Антропоген дәўири даўамында теңиз астында жатқан Туран ойпатлығының қурғақшылыққа айланыўы менен қубла тропикада жасаўшы ҳайўанлардан, қарақулақ, гепард, Палеарктикадан сасық кузен, қара қуйрық, кийик, Африка шөлистанлықларынан қум пышығы ҳәм тағы басқалар келген болса, ал Әмиўдәрьяның тоғай ҳәм қамыслықлар массивлерине Афғанстан, Иран, Ҳиндстан субтропик ҳәм тропикалық тоғайлықларында жасайтуғын бухара суўыны, Туран жолбарысы, қамыс пышығы келип тарқалған. Бул келтирилген мысаллар Қарақалпақстан территориясында жасайтуғын ҳайўанлардың ҳәрқыйлы географиялық зоналардағы фауналардан келип тарқалып, үлкемиздиң тәбийий шараятына беккем ийкемлескенин характерлейтуғынын бизиң илимпазларымыз толық дәлийллеп отыр.

Тәбият бөлими—үлкемиздиң жер шараятын, ҳаўа райын, өсимликлер менен ҳайўанатлар дүньясын, қусларды изертлеп, олардың жасаўы ушын зәрүрли болған жағдайларды белгилейди. Соның менен бир қатарда Автономиялы республикамыздың территориясында жасаўшы ҳайўанатлар менен қуслардың айырым түрлери-

ниң азайып ямаса көбейип атырғаны туўралы мағлыўматларды жыйнайды. Үлкемиздиң жер асты қазылма байлықларыда көп. Халық хожалығында, әсиресе қурылыста қолланыўға зәрүрли болған ең қымбат материаллар да мол. Олар музейдиң экпозициясынан кеңнен орын алған. Және де музейди келип көриўшилерге үлкемиздиң тәбиятын кеңнен таныстырыў мақсетинде Үстирттиң, Қызылқумның, Арал теңизиниң келбетин көз алдымызға келтиретуғын диорама исленди. Жақында Туран жолбарысын ислеўдиң эскизи жасалды. Художникleримиз бенен илимий хызметкерлеримиз бул жумысты даўам етип атыр. Жолбарысты тири гезиндегидей етип Ленинградтағы зоология институтының илимий хызметкери М. А. Заславский иследи. Ол басқа да ҳайўанлар менен қуслардың көбин ислеўде жәрдемлести. Музейимиздиң Союздағы көплеген илимий институтлар менен байланысы күшли.

Тәбият бөлими бойынша музейге қойылатуғын затлар төмендегише формада көрсетиледи. Үлкемиздиң географиялық картасы, климаты, полеонтологиялық картасы ҳәм топырақ дүзилисиниң картасы түрлеринде белгиленеди. Булардан басқа да ҳайўанлар кеп түринде де, макет формасында да көрсетиледи ҳәм сол өзгермеген ҳалында исленген кеплер бар. Мәселен ҳайўанатлар менен қусларға келсек, онда ҳәр бир ҳайўанды яки қусларды, олардың жасаған жерлериниң шараятларына бейимлескенин аңғарыў менен бирге, оларды жасаў шараятына қарай (жабайы, жыртқыш ҳәм жыртқыш емеслигине қарай) дүз, тоғай көриниси менен бирликте диорама формасында жайластырып көрсетиўге болады. Бул тәбийғый ҳалында иске асқан нәрсе екенин музейимиздеги көринислер дәлиллейди. Усының менен бирге ҳайўан ҳәм қусларды избе-из ретлеп кеп түринде рамкаға салып көрсетиўге болады. Себеби, булардың ҳәммеси иске асқан.

Егер экспонатлардың натурал ҳалына келсек, онда оларды сол түринде де көрсетиўге болады. Экспонатлардың натурал түри деп ҳайўанат яки қуслардың кептирилген кебин айтамыз. Себеби, ол өзиниң бурынғы қәлпинде сақланады. Ал, өсимликлерден тоғай ағашларын, путаларды ҳәр қыйлы өсимликлерди әкелип, көркемлеп безеў (художественный оформление) мийўа гүллериниң оригинал түри, гербарыйлардың рамка ишинде көрсетилиўи де соған жатады.



Сүўретке түсирип алынған затларды төмендегише көрсетиўге болады. Мәселен, ҳәрбир исленген диораманың сол көринисине еликлеп, тоғайлардың көринисин ҳәм ҳайўанатлар менен қуслардың ҳәр түрли жағдайдағы түсирилген сүўретлери сол диорамаға жақын жерге рамкаға салынып илдириледи. Усының менен бирге сүўретлерди өз алдына айырым-айырым көрсетиўге де болады.

Соны да айтыўымыз керек, музейдиң тәбият бөлимин еле де жаңа материаллар менен толықтырыў ушын үлкемиздиң тәбиятын толық изертлеў ҳәм және де илимий изертлеў жумысларын көплеп жүргизиў керек. Бул бизиң илимпазларымыздың алдында турған үлкен парызы. Бөлимниң экспонатларын төмендегише жайластырыўға болады: фото-портрет түринде, макет түринде, муляж түринде, фото витрина түринде.

Тарийхтың совет дәўирине шекемги бөлими бул ири-ири еки тараўдан ибарат. Бириншиси—археология тараўы. Археологиялық экспонатлар үш залға орналастырылған. Ол төрт бөлимнен турады.

1. Тас дәўири. (полеолит, мезолит, неолит).

2. Бронза дәўири. 3. Темир дәўири. 4. Орта әсир.

Бул экспозиция Сергей Павлович Толстовтың сүўретлери менен басланады. С. П. Толстов (1907 — 1976) СССР Илимлер Академиясының биринши Хорезм археология ҳәм этнографиясы бойынша жүргизилген экспедицияның баслығы болды. Ол 1937-жылы ең биринши рет әййемги Хорезм мәдениятын изертледи. Ол өзиниң бирнешше экспедицияларының жуўмағында «Әййемги Хорезм» деген монографиялық мийнетин жазды. Бул оның докторлық диссертациясы еди. Бөлимде археологиялық қазылмалардың бирнешше түрлери бар. Бул бурынғы өткерилген илимий экспедициялардың нәтийжеси. С. П. Толстов өзиниң мийнетинде әййемги Хорезмниң үлкен мәдениятлы ел болғанлығын айқын ашып көрсетип берди.

Ҳәзирги ўақытларда Қарақалпақстан территориясында 300 ден аслам археологиялық естеликлер бар. Экспозицияда неолит дәўирине тийисли экспонатлар қойылған. Биринши ҳәм екинши витриналарда Төрткүл районының территориясындағы Жанбас қала массивинен

табылған тас қураллар жайластырылған. Кейин Жанбас — 4 тиң мәкети. Бул естелик 1939-жылы Москва мәмлекетлик университетиниң студентлери А. Я. Абрамович ҳәм Н. Н. Вактурскийлердиң тәрепинен табылған.

Бронза дәўирине тийисли экспонатлар қарақалпақ территориясынан табылған бизиң эрамызға шекемги еки мыңыншы жылдың басы ҳәм бир мыңыншы жылдың аяқларына туўры келетуғын затлар. Бул дәўирде, неолит дәўиринде аңшылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланыўшы адамлар енди дийханшылық пенен шуғыллана баслаған. Енди аналық дәўирдиң аталық дәўир менен алмасыўы жүзеге асады. Руўлар пайда бола баслайды. Бул жерде витриналарға усы дәўирге тийисли гүзелер қойылған. Изертлеўлер ўақытында табылған ыдысларды өз қәлпине келтириў ушын реставратор художниклеримиз көп жумыслар ислеп атыр. Соның нәтийжесинде табылған затлар бурынғы қәлпине келтирилип, музейдиң экспозициясына қойылып атыр.

Айбүйир ҳәм Джигильджи қаладан табылған экспонатлар бизиң эрамызға шекемги IV—V әсирлерге туўра келеди. Бул дәўирге тийисли Нөкис—Төрткүл жолындағы Султан Ўайс таўдан табылған өрелер колоннасы күтә баҳалы экспонат болып есапланады. Бул артқы аяғын астына бүгип жатырған ҳайўан сүлдериндеги мәрмардан исленген. Бул әжайып естелик ҳаққында қанша тәрийплесекте оған сөз таўып теңеў қыйын. Сол ушын оның өзин көрген абзал.

Екинши залдағы «Қой қырылған қала»дан табылған гүзелерде музейимиздиң сол экспозициясына қойылған. Бул әййемги Хорезмниң «Қой қырылған қала» ның макети де күтә баҳалы экспонат. Бул әййемги Хорезмниң мәдениятын көрсетеди. Естелик Төрткүл районының территориясынан 1950—1957-жыллары ашылған. Ол жерден табылған ыдыслар, қаланың гербишлери, улыўма қурылысы, дийўалларынан түсирилип алынған сүўретлер де өз дәўиринде Хорезмниң мәденият жағынан күтә раўажланған мәмлекет болғанлығын дәлиллейди.

Бизиң дәўиримиздиң биринши эрасына туўры келетуғын Төрткүл районының территориясынан табылған, Топырақ қаланың дийўалларынан түсирилген сүўретлер, нумизматикалық тийинлар, нағыслы гүзелер ҳәм



Хорезм мәдениятының жүдә раўажланған ҳәм күшли мәмлекет болғанлығын айқын дәлийллеп көрсетеди.

Экспозицияда VI—VIII әсирлерге туўра келетуғын Гөк қала ҳәм Бүркит қалалардан табылған затлар да кең орын алған. Бул затлар да өз алдына. Ал, XII—XIII әсирлерге туўры келетуғын Қабатқала ҳәм Миздақханнан табылған экспонатлар да күтә баҳалы затлар. Олар да өз алдына изертлеўлерди талап етеди.

Тарийхтың Совет дәўирине шекемги бөлиминиң екинши ири тараўының бири этнографиялық экспонатлар қойылған заллар. Этнография тараўы «Қарақалпақларды Хийўа ханлығы жаўлап алмастан бурын», «Қарақалпақлар Хийўа ханлығының қол астында», «Қарақалпақлар патша Россиясының составында», «Революцияға шекемги қарақалпақлардың мәденияты» деген темалардан турады ҳәм қарақалпақлардың Арал теңизиниң қубла жағалаўларына келгеннен кейинги аўыр турмысы ҳәм Хийўа ханлығының қол астына өткеннен кейин Хийўа ханынан ҳәр жыл сайын төлеп отырған салықлардың түрлери этнография тараўының биринши залында көрсетиледи. Соның менен бир қатарда Уллы Октябрь Социалистлик революциясынан бурынғы қарақалпақ халқының социаллық экономикалық ҳәм сиясий жағдайларын көз алдыңа келтиреди. Бул жерде халықтың күтә аўыр турмысы ҳәм күн көриси жанлы экспонатлар менен сәўлеленген.

Халықтың өз азатлығы ушын Хийўа ханына қарсы көтерилислери халықтың арасынан шыққан миллий қаҳарманлардың ҳәрекетлери толық көрсетилген. Қарақалпақлардың Россия составына қосылыўға тилек билдирип жиберген елшилери ҳәм документлери, рус патшаларының қарақалпақларға жазған жуўаплары да музейдеги экспонатлардың қатарына қойылған.

Халқымыздың қол өнер искусствосы күтә ерте ўақытлардан баслап-ақ раўажланған. Олар гөззаллық ышқыпазы, талғампаз, өзлериниң кийетуғын кийимлерин, тутынған буйымларын, безениў затларын, үй буйымларын таңлап, нағыслап пайдаланғанлығын көрип заўықланамыз. Мәселен, ағашларға ҳәрқыйлы нағыслар ойыў, сандық сабаяқлар, аршалар, ергенеклер, зеренлер, ҳәрқыйлы пышақлар соғылыўы,қыз-келиншеклеримизге сырға, билезик, ҳәйкел, әребек, жүзиклер соғып бериў ислери ҳәм оларға ҳәр қыйлы нағыслар салыў ислери

кеңнен орын алған. Бул затлардың тийкарғы нусқалары музей экспозициясына қойылған ҳәм затлар күтә шеберлик пенен исленгенин айтыў менен бирге оларды дөреткен шеберлердиң ийне менен қудық қазғандай еринбестен атқарған ислерине де таңланасаң ҳәм олардың қыял өрисиниң шеңбериниң соншелли кең, дөреткен ҳәр бир исинде миллий ҳәм өзиншелик оригиналлықты көресең, таңлай қағып, суқ көзиңди айыра алмайсаң. Енди оларды заманагөйлестирип, жақсыларын ҳәзирги күнлерде де зергерлеримиз пайдаланса деген усынысты қыялыңнан өткересең. Музейге тек үлкемиздиң барлық жерлеринен ғана емес, ал қоңсылас туўысқан областьларданда көп санлы қызығыўшылар келип көрип турады. Сондай-ақ Москва, Ленинградтан жолы түсип келген мийманлар музейимизди көрип өзлериниң пикирлерин де жазып кетеди. Музейимиз ҳаққында бундай жазып қалдырған пикирлердиң көпшилигинде үлкен таңланыўшылықты, бурын бундай затларды көрмегенликлерин де айтып, жоқары мәдениятлы мийрасларымызға кеўиллериниң толғанын да билдиргенин көремиз.

Тарийхтың Совет дәўири бөлиминде—Қарақалпақстанда Совет властының орнаўы, ишки душпанларды сапластырыў, экономиканы беккемлеў, коллективлестириў дәўирине тийисли экспонатлар менен материаллар да толықтырылып атыр.

Совет власты орнағаннан кейин саўатсызлықты сапластырыў бойынша биринши совет мектебинде ислеген муғаллимлердиң сүўретлери менен документлери, сондай-ақ әдебиятымыз бенен искусствомыздың тийкарын салыўшылардың сүўретлери музейге ,қойылған. Сол дәўирде актив ислеген комсомолецлер менен жаслардың жанлы образларын көрип қызығыўшылар жақсы тәсийир алады.

Уллы Уатандарлық урыс дәўиринде бизиң жасларымыз Уатанды қорғаўда айрықша ерликлер көрсетти. Жерлеслеримизден бир неше азаматлар Советлер Союзының Қаҳарманы деген жоқары атаққа ийе болды. Музейимизде мине усы қаҳарманлардың образлары жасларға кеңнен түсиндириледи.

Урыстан соңғы халық хожалығын қайта тиклеў дәўиринде жақсы ислери менен өзин көрсетип, көпшилик халыққа үлги болған атайы дийхан пахтакеш, шарўашылық тараўында айрықша көзге түскен шопанлар, завод-фабрикаларда ислеген рабочийлардың әжайып ислерин избе-излилик пенен көрсетип барады. Мәмлекетлик үлке таныў музейи халқымыздың өтмиштеги тарийхын изертлеў менен бирге совет дәўири жылларын да автономиялы республикамыздың илимий-техникалық жетискенликлерин, әдебияты менен искусствосының ҳәм мәдениятының табысларын да пропагандалап барады.

Жасларымызды коммунитлиск рухта тәрбиялаўда музей коллективи комплексли жумыслар алып барып атыр. Илимий хызметкерлеримиз көплеген кәрханалар менен мәкемелерге барып лекциялар оқып, ушырасыўлар шөлкемлестирип турады.

Өтмиште дөреген барлық байлықлар бизге мийрас. Бул мийрас бизиң ата-бабаларымыздың, кемпир апаларымыздың көзи. Оннан мәдений тарийхымызды көремиз. Сол ушында оларды көз қарашығындай қастерлеймиз. Өтмишти ҳәзирги дәўиримиздиң раўажланған мәдениятына қосып пайдаланамыз. Сонлықтанда халқымыздың өтмиштеги перзентлериниң шебер қолларынан дөреген мийраслары келешек әўладлар ушын да үлги ҳәм мақтаныш болады. Халықтың мәдений мийрасларына марксистлик-ленинлик көз қараста болыў ҳәр бир совет азаматының әдиўли ўазыйпасы болып есапланады.

## ҚОЛ ӨНЕР ИСКУССТВОМЫЗ ҲАҚҚЫНДА

Қарақалпақ халқы да басқа халықлар сыяқлы өзиниң раўажланған миллий мәдениятына ийе. Адамлар дәўирдиң өтиўи менен өзлериниң қарыў-жарақ, үй-үскене буйымларының түрлерин жетилистирип барды. Бул халықтың тилинде, үрп-әдети менен дәстүринде, халық аўыз еки дөретпелеринде ғана сәўлеленип қоймастан, олардың өтмиштеги материаллық турмысында да көринеди.

Бизге мәлим, адамзат баласы сананың раўажланыўы тийкарында өзлериниң ашық денелерин жасырыўдың түрлише жолларын ойлап тапқан ҳәм дәўирлер өткен сайын раўажланыдырып барған. Ал соң усы «дене жасырыў» адамлардың дене қурылысына гөззаллық бериўши формаға айланған. Миллетлердиң қәлиплесиў

процеси түрлише формадағы әлўан түрли кийимлердиң дөреўине себепши болды.

Солай етип ҳәр миллет, ҳәр бир халық тек тилде ғана емес, кийиниў ҳәм тутыныў буйымларын пайдаланыў жағынан да өзлериниң басқа миллетлерден ажыралып туратуғын өзгешелигине ийе болған.

Мийнет - адамлардың сана сезиминиң өсиўине тәсирин тийгизди. Олар ағаш ҳәм сүйеклерден қурал-жарақлар, қанжар, пышақ, биз, шанышқы, ийне ҳәм тағы басқа затларды көркемлеп ислеўди үйренди. Ылайдан соғылған әпиўайы гүзелерге нағыслар ойды. Олардың ернеклерине салынған түрли нағыслар қурамалы, бирақ бир-бири менен «әлпи» алысып түсип байытылып барды.

## 1. Қарақалпақлардың миллий кийимлери.

Қарақалпақ халқының тарийхы менен мәдениятын жанлы экспонатларда гүрриң етиўши мәдений орын бул пайтахтымыздағы үлке таныў музейи болып есапланады. Музей өзи дүзилген күннен баслап қарақалпақ халқының өтмиштеги тарийхы, мәденияты менен үзликсиз шуғылланып киятырған тарийхтың совет дәўирине шекемги бөлиминиң жумыслары менен мақтана алады.

Бул бөлимниң этнография тараўы өзиниң 5000 нан аслам экспонатын еледе толықтырып, соңғы жыллары халқымыздың миллий мәдениятының өзгешеликлери менен тереңнен шуғылланып, олар дөреткен ҳәр қандай буйымларға итибар берип, жетик көзбенен нәзер тасламақта. Сонлықтанда ҳәр жыл сайын этнография фонды өзиниң оригинал экспонатлары менен байытылып отырғанының гүўасы боламыз. Бул экспонатлардың ишинде ең ири коллекциялардың бирин «Қарақалпақлардың миллий кийимлери» деген тема тутады.

Қарақалпақ халқы миллий қәлиплесиў дәўиринде қыйын ҳәм аўыр турмысты басынан кеширсе де өзлериниң миллий өзгешеликлерин көрсетиўши урип-әдети менен дәстүрин, безениў буйымлары менен миллий кийим кеншеклерин дәўирге сай жетилистирип барғанын билемиз.

Биз тийкарынан алғанда XVIII—XIX әсирлерге





тийисли болған қарақалпақлардың миллий кийимлери ҳаққында сөз етпекшимиз.

Кимешек—бул қарақалпақ ҳаял-қызларының ең бир қурамалы миллий киймлериниң бири. Ол ушыға ҳәм пашшайыдан исленеди. Қарақалпақ ҳаял-қызлары өзлериниң кестелеўдеги барлық шеберлик өнерин зийреклик пенен ең алды бурын усы кийимешекте көрсететуғын болған. Себеби, бул кийимниң саўлаты өз алдына. Кийимешектиң алдына қойылған үш мүйешли өңиршеси қызыл ҳәм қара ушығадан қуралған. Оған ҳәр түрли жипек сабақлар менен нағыслар ойылып салынған болады. Кийимешектиң артқы тәрепи жәнеде қызыл ҳәм қара (сухно) ушыға менен жийекленеди. Бул киймешектиң қуйрықшасы деп аталады. Бул да рәңбәрең жипек сабақлар менен кестеленеди. Ал тийкарғы орта бөлимине ягный, беллик жери бухар шайысы менен, яки шатраш етип тоқылган бөз таўар салынады. Кий-

мешектиң қуйрықшасының төменине шашақлар, оның ушына ақ моншақлар дизиледи. Гейде бул моншақлардың орнына теңгелерди де дизип тағатуғын болған. Бул шамасы, моншақ табылмағаннан яки жағдайы көтермегенликтен болса керек. Киймешектеги нағыслар басқа кийимлерге қарағанда күтә қурамалы болып келеди. Бирақ бул қурамалылық киймешектиң композициясына зақым келтирмейди. Қайта ол нағыслар ушыға-ға фон берип турғанын көремиз. Демек өнер ийесиниң математикалық есаптан алжаспағанын аңлаймыз.

Киймешек көбинесе болашақ келинлер тәрепинен таярланатуғын болған. Келин өзи ушын да, қәйин енеси ушын да киймешек таярлаўы керек болған. Жаслар кийетуғын киймешек пенен жасы қайтқан ҳаяллардың кийетуғын киймешеклериниң түринде ҳәм салынатуғын нағысларында көп өзгешеликлер бар. Киймешекти жас келин той өткен соң кийген.

Киймешектиң пайда болыўы тийкарынан ислам дини менен байланыслы болса итимал. Өйткени диний түсиник бойынша ҳаял-қызлар ерлер алдында шашын көрсетип жүриўи «гүна» деп есапланған. Сонлықтан киймешек жеңсиз исленип басқа кийилетуғын болған.

Киймешек – түрли реңдеги ғайры нағыслар менен безелетуғын болғанлықтан, ол шебер қоллы қыздың узақ ўақтын алған ҳәм аўыр машақатлы мийнетти талап еткен. Бул пикиримизди төмендеги мағлыўматлар тастыйықлайды. Халқабат совхозының орайында турыўшы Мамбетназарова Бийбижамалдан алған зер киймешегимиз ҳәм көк көйлектиң жең ушы айрықша дыққатыңды өзине аўдарады. Киймешекти Бийбижамал тоғыз жасында тигип баслаған екен: «Өмиримде тиккен киймешегим екеў, биреўин кишеме бердим, биреўи усы —өзиме арнап тиктим»,—деп ол бизлерге зерленген киймешегин көрсеткен еди. Киймешектиң алды ҳәм қуйрықшасы қара, ушыға, ал ортасына зерли парша таўар салынған. Киймешектиң жалпы қызыл түси жаслыққа ылайықланып нағысланған. Киймешектеги нағысларда басқа нағыслы кийимлерге қарағанда бираз қурамлырақ. Буның үстине бул киймешек күтә таза сақланған екен. Бийбжамал апай бизлерге киймешектеги нағыслардың атларын, дизип атай баслады. Оның жасы биразға барып қалғанына қарамастан ҳәм арадан көп жыллар өтип кетседе зейниниң өткирлигине ҳайран қалдық. Ол



көк көйлекке арнап тигилген жең ушын қолына услап отырып қызық бир ўақыя ядына түскендей, күлимсиреп қойды.

— Еки киймешекти тигиўге қанша ўақытыңыз кетти?—деген сораўымызға ол күлип отырып:

— Тоғыз жасымнан баслап он сегиз жасыма шекем тиктим. Тоғыз жыл удайына тигиппен ғой сонда. Ол ўақытта қай бир ҳәзиргидей тигиў машыны бар, ҳәммесин қол менен тигемиз. Тигисимизде сәл қыйсық кеткен жери болса шешемиз қолымызға ийне тығып алатуғын еди. Мен дәслеп кесте тигиўди жең уш тигиўден басладым. Апам аўылдағы Хожамурат байдың хызметин ислейтуғын еди. Ағам сол байдың шопаны. Апам жумыстан шаршап кеште келетуғын еди. Сонда да маған түнлерде уйықламай таң атқанша кесте тигиўди үйрететуғын еди. Көбинесе анамды аяп-ақ кестемди дүзиў ҳәм дурыслап тигиўге ҳәрекет ететуғын едим. Мине, мынаў сондағы тиккен жең ушым,—деп ол бизге көк көйлектиң бир пар жең ушын көрсетти. Өзи тиккен әлўан түрли нағысларын таза үйреншиктиң тиккен нағысы деўге болмайды. Тап бир машина менен тиккендей оның гүллери художниктиң қолы менен сызылғандай, ийне менен тигилген жүйи билинбейди. Жең уштың шебер тигилгенлиги соншелли—ҳәммемизди таңландырды.

Бийбижамал апа Халқабадқа белгили, шебер тигиўши болыпты. Ол кейин ала нағыс тигиўди қойып, жеңсиз ҳәм бешпент тигетуғын болған. Көйлеклерге жаға тиккен. Ҳәзир ол тоқсан еки жаста екен.

**Жегде** — бул қарақалпақ ҳаял-қызларының жеңил ҳәм жарасымлы сырт кийимлериниң бири. Оның басқа кийимлерден айырмашылығы жеңи узын болып, ол қолға кийилмей бир-бирине байланыстырылып арқаға тасланады. Жегдени қыз-келиншеклер басына жамылған. Жегдениң материалы ҳәм исцлениў техникасына қарай еки түрге бөлиўге болады. Ақ жегде ҳәм қызыл жегде деп. Қызыл жипек жегдени жас келиншеклер пайдаланған. Оның да жағасына қызыл қара ушыға салынып, ол ҳәр түрдеги жипек сабақлар менен нағысланған. Ҳәр түрли реңдеги жипек сабақлардан пөпек исленип, ол жегдениң жағасына қадалады. Буны жегде баў деп атаған. Пөпектиң ушына ақ қызыл маржан моншақлар

өткизилген болады. Жегде баў басқа жамылғаннан кейин кийимниң көркемлигин ашып турады. Қызыл жегдениң нағыслары қойыў рендеги жипек сабақлар менен кестеленеди. Ал көбисинше ақ жегдени жасы қайтқан кейўаны ҳаяллар пайдаланған. Бул жерде де нағыслар онша қурамалы емес, жеңил кестелер менен бериледи. Ақ жегдениң материалы ақ бөз ямаса ақ таўардан болады.

**Бешпент**—Бул ер ҳәм ҳаял-қызларға ортақ кийим. Ҳаял-қызлар кийетуғын бешпентлер жеңли ҳәм жеңсиз болып бөлинеди. Жеңли ҳәм жеңсиз бешпентлер ҳәзирги күнлерде де киймешек ҳәм жегде сыяқлы пүтkиллей пайдаланыўдан шығып қалған жоқ. Ҳақыйқатында да жасларға жеңсиз, жасы қайтқан ҳаяллар ушын жеңли бешпентлер күтә жарасымлы түседи ғой.

Қарақалпақ ҳаял-қызларының миллий бешпентлери қандай материалдан болыўына қарамастан оның жағалары жеңиниң ушы, қалтасының аўызлары түрли нағыслар менен безелген болып, жүдә нәзик, адамды өзине тартатуғын болған ҳәм ондағы нағыслардың түрлери де жоқары талғам менен салынғанының гүўасы боламыз.

**Шапан**—бул қарақалпақ халқының күтә ертден киятырған миллий сырт кийими болып есапланады. Бизге қоңсылас тәжик, өзбек, түркмен халықлары шапанды елеге шекем кийеди. Сондай-ақ республикамыздың аўыллық жерлеринде бизиң де жасы үлкен адамларымыз шапан кийеди.

Қарақалпақларда шапанлар ҳаяллар ушын да, ерлер ушын да бир формада болып келеди. Ер адамлардың шапаны ҳаяллардың шапанына уқсап тик, жаға болып келеди де, бирден оймаўытланып түседи. Сондай шапанлар материалы ҳәм ислениў техникасына қарай бөлинеди. Мәселен пашшайы шапан, айдыллы шапан, қазма мақпал шапан, зер шапан, дуўхат шапан, сырма шапан ҳәм т. б. Буларда дыққатқа ылайықлы кестелер болмайды.

**Көйлеклер** — Жағалары, жеңлериниң ушы ҳәм етеклери нағысланады. Көйлеклердиң жағасы бөлек ойылып алынып кестеленген. Ал олар алмалы-салмалы болып көйлектиң материалы тозғаннан кейин екинши көйлекке алынып салына беретуғын болған. Көйлеклер бөзден пашшайыдан ҳәм басқа да материаллардан тигилген.





**Ғазма мақпал шапан.**

Пашшайы көйлегиң эгри дизиңнен,
Суўға барсаң мен барайын изиңнен —

деген халық қосығы тосыннан айтылған сөз емес.

Ер адамлардың көйлеклери ақ бөзден таярланған. Оны нағысламай-ақ жағасына қызыл жийек қондырып, оймаўытлап тигип берген.

Гөззаллықтың ышқыпазы болған халқымыздың ҳаял-қызлары тек үстки кийимлерин ғана емес, басларына кийетуғын сәукеле, тақыя, түрме, мәдели ҳәм айдыллылардың да шырайына айрықша итибар берген. Мәдели, айдыллы, түрмелер Россия менен саўда етип, қарым-қатнас жасаўдың нәтийжесинде бизиң халқымызға енген.

**СӘЎКЕЛЕ** — бул да күтә әййемги заманлардан киятырған ҳаял-қызларымыздың жыйынлық бас кийими. Сәўкеле тийкарынан алғанда еки бөлимнен ибарат болып, биринишиси тумақ ямаса төбелик, екиншиси қуйрықшасы яки ҳалақасы деп аталған. Төбелиги доң-



MA'LIMOT-RESURS ORAYI
№5902
ККАССР Республиканск. детская библиотека

гелек етип тигилген. Онша узын болмаған қулағы болады. Сәўкелениң бул бөлеги түрлише рeңдеги ҳасыл маржанлар, алтын шытақлар менен безеледи.

Сәўкелениң желкеге тасланатуғын тәрепи ҳалақа деп аталады. Бул жиңишке ҳәм ықшам етип узынына жиберилген бөз болады. Үш тәрепи жиңишке лента тақылетли бөлинип турады. Қызларымыз ҳалақаны да рәң-бәрең жипек сабақлар менен кестелеп пайдаланған.

Сәўкеле—аўыз еки әдебиятымызда айтылыўына қарағанда бизиң батыр қызларымыздың кийген кийими ретинде де сүўретленеди. Бул қарақалпақ халқының «Қырқ қыз» эпосында айқын сәўлеленген. Мәселен: Қырқ қыздың сәрдары Сәрбиназ саўашқа түсер алдында атқа отырғанда сәўкеле кийген. Әлбетте, эпостағы сәўкеле менен қызлардың кийген улыўма сәўкелесиниң арасындағы өзгешелик пүткиллей басқаша болыўы мүмкин. Деген менен бул фактлар сәўкелениң күтә ески миллий кийимлерден екенлигиниң гүўасы болыўы даўсыз.

Сәўкеле Иран тилинен алынған. «шо куло» яғный «Шапка царя» деген мағананы аңлатады. Дәўирдиң өтиўи менен халықтың тутыныў буйымлары да, кийим-кеншеклери де үлкен өзгериске ушыраған. Бирақ ол усының менен бирге өз атын узақ ўақыт сақлап келди. Ол ҳаял-қызлардың көркине көрик қосатуғын мереке кийими болды. Қарақалпақ сәўкелеси Орта Азияның басқа халықларының сәўкелесинен өзиниң қурамалы ҳәм көркемлилиги менен ажыралып турады.

Халық тили менен айтқанда сәўкеле көздиң жаўын алатуғын қызыл маржан ҳәм алтын, гүмис тағылып, қызыл ушығаға тигилген ғайры нағыслар бир-бири менен шебер үйлесип, бирге туўылғандай болып турады. Оның тигилиў формасы да, түр-түслерди таңлаўында да, техникасында да ҳеш қандай артық аспай «көс» ушыраспайды. Бир қәлиптен шыққандай көз тартып турады.

Мине, ертеден киятырған халқымыздың миллий бас кийими Сәўкелениң қысқаша илимий анықламасы усындай. Тилекке қарсы Сәўкеле бизиң музейлеримизде күтә аз муғдарда сақланып қалған. Сәўкеле ҳәзир пайтахтымыздағы Қарақалпақ Мәмлекетлик үлке таныў музейинде ҳәм И. В. Савицкий атындағы искусство музейинде сақланады. Бул баҳалы экспонаттың узак жыллар даўамында халықтың қызығыўшылығын туўдырып келген ҳәм шеберлеримиздиң қол өнер үлгилерин өз бойына сиңдиргенлигин көремиз. Сәўкеле қарақалпақлардың қол өнериниң өзиншелик мәнисине ийе баҳалы дөретпеси болып есапланады.



## 2. Кестелеў өнери.

Кестелеў өнери де күтә ескиден киятырған халық туўындыларының бири. Кестени биз бенен, тебен менен, ийне менен тигиў, онда ҳәр түрли жипек сабақлардан пайдаланыў – булар барлық халықларға ортақ усыл болған.

Қарақалпақ халқының миллий дәстүринде ҳаял-қызларымыздың кийимлери менен бирге, жас жигитлеримиздиң кийимлерин, сондай-ақ үй үскене буйымларын да нағыслап, көркемлеп тиккен. Халықтың миллий дәстүрине сиңген бул әжайып кестешиликтиң айырым үлгилери өз мазмунын бүгинги күнге дейин жойытпай, гөнертпей, қайта оларға жаңа үлгилерде түс берип ҳәм байытып отырған. Ата-бабаларымыз, апаларымыз қыйын ҳәм аўыр дәўирлерди өз басынан кеширгени ҳәммемизге мәлим. Олар сол күн көриў қыйын болған дәўирдеги өзлериниң ҳәм халықтың көкирегиндеги арзыў-әрманларын өз қолынан дөреген өнерлеринде, өз шеберлигинде сәўлелендириўге ҳәрекет еткен.

Биз халқымыздың қол өнериниң ажыралмас бир бөлеги болып есапланған кестешилик өнерине тоқтап өтейик. Кестешилик пенен көбинесе ҳаял-қызлар шуғылланған. Кесте ҳәр түстеги жипек сабақлар менен кийимниң жағаларына, жең ушларына, қалтаның аўызларына, көйлеклердиң жағасына ҳәм етеклерине тигилген.

Халқымыз өз басынан қанша машақатлы, дәртли жыллар менен дәўирлерди кеширмесин бирақ, олар сол қыйыншылықларға итибар берместен кестелеў өнерин раўажландырып отырған. Бул дәўирлерде бизиң қыз-келиншеклеримиз өзлериниң келешекке болған әрманларын кестеде көрсетиўге ҳәрекет етти. Булардың кестелери өзиниң сулыў, шырайлы ҳәм көркемлиги менен ажыралып турған. Бул кестелерде шебердиң соншелли нәзиклигин ҳәм кестедеги сабақлардың соншелли жуп-керлесип, түйинниң билинбеўинен де көремиз.

Ҳәр дәўирге байланыслы қарақалпақ халқы өзиниң қатнас жасаған еллеринен материаллар алып, оны өз кийимлерине пайдаланып отырған. Мәселен 1811-жылы қарақалпақлар Хийўа ханлығының қол астында болған ўақытларда Хийўа саўдагерлери ел арасына өз таўарларын әкелип сатқан. Ал жергиликли халық бул материаллардан киймешеклерге, шапанларға пайдаланған. Буған бухар шайылары мысал бола алады. АЛ 1873-жылдан тап 1917-жылға шекем патша Россиясының составында болған ўақытларында рус саўдагерлери өзлериниң таўарларын қарақалпақлар арасына әкелип сатқан. Қыз келиншеклеримиздиң басларына орағанмәдели, түрме, айдыллылары усы дәўирде пайдаланыла баслаған. Сондай-ақ мақпаллар, рус сухнолары әкелинип сатылған. Рус сухносын қарақалпақлар «ушыға» деп қастерлеп, оны киймешектиң алдына, қуйрықшасына, көйлеклердиң жағасына, бешпент ҳәм жегделердиң жағасына кестелеп пайдаланған.

Ал кестелеў өнери тек ҳаял-қызларымыздың кийимлеринде ғана емес, балалардың тақыяларында, гүрте ҳәм гүртешелерде де, ер адамлардың шекпенлериниң жағасында ҳәм жеңлеринде де, белбеўлеринде, сондай-ақ үй буйымлары шынықап, кергилерде, аттың жипек жоналарында, айылларында, көзликлеринде де сәўлеленип, шебер қыз-келиншеклеримиздиң қолларының изи қалған.

Қыз-келиншеклердиң кийимлериндеги жаслықтың нышаны болған ашық қызыл фон менен тигилген нағыслар ўақты хошлық сезимин туўдырады. Ал бул нағыслар жасы қайтқан ҳаялларда солғын реңлер менен бериледи. Ҳәр қыйлы реңлер менен үйлесимли етип тигилген нәзик кестелерге көз жиберип қараған адамға сол замандағы халқымыздың арзыў-әрманлары кестелерде нағысқа қосылып тигилип кеткендей сезиледи. Себеби, бул кестелер соншелли ашық айдын—ҳәтте олардан сол шебер ийелериниң кең пейлин де аңғарып қаласаң. Усының менен бирге олар өзлери кестелеген затларында нағысты тәбият пенен де байланыстырып ҳәм дәўирдиң өзиниң өзгешелегине ылайықлап, оның рухын сиңдирип барған. Бул ықшам ҳәм әжайып кестелердеги бояўлардың реңлериниң жарасықлы қонымлылығы да өз алдына болып келеди.



* * *

Егер атың озып келсе, ким сейиследи дейди. Қусың илгир болса қәлпесин сорайды. Гүмбирлеген ақ отаў тиксең, устасын сорайды. Жигит белиндеги әжайып мәдели орамал менен, мөр басылған жипек шапанлардың үйлесип түсетуғынлығын айтпайсаң-аў! Көрген адам «бул қандай шебердиң қолынан шықты екен!» — деп таңланбай қала алмайды.

Әлбетте, бул жоқарыда аты аталған барлық затларда-да, бизиң қыз-келиншеклеримиздиң ушқыр қыял желисинде бириниң екиншисине усамаўындағы өзгешелиги турмыс шынлығы менен ушласып, өз дәўирине сай сәнсалтанаты, үй үскенелерин безеў, той мерекелерде көрнекли кийиниўде де айрықшалығы көринип турады.

Халқымыздың өнерге болған илгири зейинли таланты тек кестелеў менен шекленбейди. Тек кийимге салынған нағыс пенен өлшенбейди. Өнердиң түрлери қаншелли көп болса, ал өнер ийелериниң шеберide соншелли кең ҳәм көп. Мәселен, ағаш усталарының ағашқа жан ендирген шеберлигин көргениңде кеўил аўдарып, зейин қойып қарамай өте алмайсаң. Олардың қолынан дөреген үрпити аршалардағы, сандықлардағы, қасықлар менен табақлардағы, зеренлердеги әжайып гүллер, аттың ерлериндеги ойыўлар, мерекелерге сән берип, жыйналған халыққа қалыс хызмет еткен бақсылардың қолындағы гүмбирлеген ойма ҳәм қурама дуўтарлар, ондағы сүйеклерден ойылған нағыслар қулласы, санап таўыса алмайтуғын рәң-бәрең өнер ийелериниң ықласын, ол дөреткен затларды көрип таңлай қағып бас шайқаймыз ҳәм еске аламыз. Кеўил толқытқан бул көринислер есимизден де шықпайды. Турмысымыздағы қолланып жүрген усындай көп нәрселерди ағаш усталары дөретсе, темирши усталар соққан шынқобыз бенен зергерлердиң қолынан бина болған қыз-келиншеклеримиздиң көрки ҳәм жарасығы болған алтын жүзиклер, сырғалар, билезиклер, ҳәм әребек, ҳәйкеллер, сондай-ақ үй үскенелеринен мыс дүңлер менен нағыслы қуманлар, жеңил ләгенлер тағы да ықласымызды тартады.

Биз бул кәсип ийелериниң барлық өнерлерине тоқтамақшы емеспиз.

Ал, халқымыздың күтә ертеден киятырған бай қол өнерин, өзиниң миллий кийимлерин, тутыныў буйымла-

рын қалай болса солай пайдалана бермей, оның гөззаллығына айрықша итибар берген ҳаял-қызларымыздың кестелеў өнерине тоқтамақшымыз.

Халқымыз өзиниң басынан машақатлы жылларды өткерди. Сыры мол көп әсирдиң гуўасы болды. Бул дәўирлерде қыз-келиншеклер өзлериниң ҳәм халқының көкирегиндеги арзыў-әрманларын шебер қоллары менен тиккен кестелеринде көрсетиўге ҳәрекет еткенин де билемиз. Олардың кестелери көркем ҳәм сәнлилиги менен бир қатарда жүдә нәзик те болып келеди.

Кесте тигиўди үй үскенелерин безеўде,әсиресе кийим кеншеклерде көп пайдаланып отырған. Мәселен киймешектиң алдыңғы бети тап жағалықтан етек жийегине шекем геометриялық мүйешлер, өсимликлер ҳәм ҳайўанатлардың тулғаларына усаған сүўретлер менен толтырылып нағысланады. Сондай-ақ постынның жеңлериндеги, жеңселердеги, сырт кийимлердиң жағаларындағы нағыслар да айрықша кейип ҳәм шеберлик ышқысы менен жүдә қонымлы болып түседи. Әсиресе, ақ жегде менен көйлеклердиң жағалары түрли нағыслар менен сәни әшекейленеди. Олар көздиң отын алып турады.

XIX әсирдиң ақырына таман кесте көбинесе қызыл ҳәм қара ушығаға (сухно) тигилетуғын болған. Кестелеў тек ғана ҳаял-қызлардың кийетуғын кийимлеринде сәўлеленип қоймастан, балалардың тақыяларына, үй әсбапларына шынықап, шай қалта, атлардың айыллаларына, керегениң жийеклерине де тигилген. Олардың ҳәр биринде шеберлердиң қайталанбайтуғын өз қол таңбалары сақланған.

Қыз-келиншеклердиң кийиминдеги ашық қызыл қара фонның үстине тигилген нағыс ўақты хошлық сезимин туўдыратуғын ҳәр түрли реңдеги тойғын жипек жиплер менен кестеленеди. Бул нағыслар кейўаны ҳаяллардың кийимлеринеде солғын түс пенен берилетуғынлығын илимпазларымызда, искусствоведлеримизде тастыйықлап өтеди. Усындай ҳәр қыйлы реңлер менен үйлесимли етип тигилген нәзик кестелерге көз жиберип қарағанда сол замандағы халықтың арзыў-әрманларын нағыстан көргендей боласаң. Бул ойдан көп ўақытлар айырыла алмай жүресең. Себеби, ол сенде терең из қалдырады.

Әсирлер бойы бир шебердиң өнери екинши аўладқа





Киймешектиң нағыслары

1. Ғаўаша гүл 2. Гүл. 3. Қәрели гүл 4. Шырыш пискекше 5. Теңге гүл. 7—8—9. Қумырысқа бел. 10—11. Қурбақа гүл. 12. Гүл 13. Мүйиз 14. Хорасаны мүйиз 15. Сегиз мүйиз 16. Түйе табан. 17. Шубал нағыс.

аўмасып отырғанлықтан ҳәм халқымыздың экономикалық раўажланыўы өзгешелегине байланыслы айырым нағыслардың дәслепки келбети бираз өзгерислерге ушырағанын да аңғарамыз. Бирақ бул өзгерислер оның қунын төменлетпейди. Қайта өз дәўирине тийисли дәрежеде байытылып барғанының гүўасы боламыз.

Кестелеў өнерин еки түрге бөлемиз. Бириншиси ертеден киятырған қарақалпақ халқының миллий нағысы, кестелеў өнери, екиншиси басқа халықлар менен болған қарым-қатнас арқалы бизге келип енген нағыслар.

Халқымыздың көркем қол өнериниң раўажланыўы нәтийжесинде нағыслардың түрлериниң көбейиўи хәр бир нағыстың көркемлик көриниси исленген заттың сулыў хәм шырайлы болыўына себепши болады. Олар нағысты тәбиятқа байланыстырып хәм дәўирдиң өзиниң өзгещелигине ылайықлап, ықшамлап барған. Мәселен, өсимликлерге, хайўанатларға, жанлы мақлуқларға, аспан көрки болған жулдызларға усатып, нағыслардың атамаларын солардың аты менен атап отырған. Буларға дәлил ретинде «Қошқар мүйиз», «Тоқалақ мүйиз», «Жарты гүл», «Қус тырнақ», «Қус қанат», «Ғаз мойын», «Қумырсқа бел», «Шахмахы», «Солақ» хәм тағы басқа атамалар менен атап отырғанлығын айтыўға болады.

«Қошқар мүйизди» алсақ, бунда биз күнделикли турмысымызда көрип жүрген қошқар мүйизлериниң нағыз өзин көремиз. Ал, «Жарты гүл»де биз гүл ғумшасының бир тәрепин, яғный толық емес, бирақ толық тийкарында әйне жарты гүлди тәбият жаратылысында қалай көрсек бул нағыста да оны солай көремиз. Демек, шебер кестешилер тек ғана ийнеге сабақ өткерип, дус келген жерден тигип өте бермеген. Ал олар геометриялық усылларда арифметикалық есап пенен жүрип, дәлликти хәм анықлықты сүйген нағыз сүўретшилер болғанын да көремиз. Себеби оларды бир қәлиптен шыққандай тегис, әжайып фонда көремиз.

Егер жоқарыдағы аты аталған нағысларға жөн алды қарабарақ тигис жүриткенде, әлбетте олардың нағыслары хеш нәрсеге усамас еди. Демек, адамлардағы эстетикалық талғам тазалағы менен уқыбын хәм ондағы нәзикликти рухый жақтан қабыл етпеген болар едик.

«Қус қанат» атлы нағыстың жегделердеги көринисине итибар берейик. Жегде қыя тасланғанында бизиң көз алдымыздағы пәрўаз еткен қустың шарықлаўын елеслетсе, ал екинши бир жағынан яр жамалына интизар болған, қалайда оның менен дийдарласыўды әрман етип асығып баратырған жас қызды көз алдымызға елеслетемиз.

Сонлықтан да «Жегдесин қыя жамылып» деген ха-



лық қосығының усы бир қатарынан оғада тәсирли рухый азық аламыз.

Жегдедеги нағысларды да жегдениң өзинде де қустың қанатының жайылғаны баянланған. Бирақ, онда хәрекет бар. Демек, кесте жанлы берилген. Ал усының менен бирге бунда тек қустың керилген қанатының сүўрети менен шекленип қалмағаны ал, сол жегдениң жийегиниң яғный жағасының бир өзинен биз «Жулдыз» ды да «Қошқар мүйиз»ди де «Тоқалақ мүйиз»ди де «Қумырысқа бел», «Тышқан изди» де «Еспе», «Суў тартыў» ды да өз композициясына сиңдирип жибергенлигин хәм оларды орынлы-орынлы жерлерине қоя алғанын көрип заўықланамыз. Бул затларды кестелеген шебер тек ғана композициялық қурылысына итибар берип қоймастан, сабақлардың түрлерин де шебер таңлағанын көремиз. Бул түрлердиң «әлпин» алыстырып, орынлы пайдалана билиў хәм композициялық қурылысына итибар бериў, әлбетте хәр қандай көркем өнер тараўында да баслы ролди ойнайды. Егер бояўлардың көплигине хәм олардың хәр қыйлылығына итибарсыз қарап түрлери көп ғой деген ой менен таўарға жабыстыра бергенде жақсы нәтийже шықпас еди. Ал сол түрлердиң бириниң екиншиси менен «әлпиниң» алысып түсиўлерин хәм олардың қандай орында турып түс берип, шырай ендириўлеринде бақлап барған хәм буның дәркарлығында билген. Былайынша айтқанда реңлерди орынлы қоллана билиў де шеберликтиң түп тийкары деген сөз.

Жуўмақлап айтқанда биз халқымыздың әжайып миллий дәстүрлерин, оның хәрқыйлы өзгешелигин хәм өнердиң ажыралмас бир тараўы болған кестелеў өнерине ийе екенлигине хәм бул бизиң халқымыздың күтә шеберлигин, гөззаллыққа қумарлығын дәлийллейтуғынын айтпақшымыз. Биз өзимиздиң усы ата мийрасымыз болған әжайып кестелеримиздиң үлгилериниң ең қолайлы, сулыў хәм жарасықлы тәреплерин бүгинги күнде де қолпансақ, айырым арнаўлы орынларда халықтың кестешилик өнерин раўажландырыўға уқыплы қыз-келиншеклеримизди тартсақ, шеп болмас еди-аў деп ойлаймыз.

Бизлер хәзирги ўақытта Украина хәм Белоруссияда, Балтик бойындағы республикаларда жасаўшы халықлардың өз миллий нағыслары менен безелген көйлеклер, келте жеңсизимизге усаған миллий кийимлер ти-

гип кийетуғынын ҳәм олардың үй үскенелерин безеўде миллий нағыслардан пайдаланатуғынын билемиз. Биз де өзимиздиң кестелеримиз ҳәм өнерлеримиз салынған сулыў ҳәм сәнли кийимлерди жасларымызға ылайықлы тигип берсек, әбетте олар бул кийимлерди сүйсинип кийер еди. Бул бизиң ғайры нағыс мийрасымыздың тағыда жасарып, жанлы раўажланыўы болар еди.

* * *

Нағыслардың жақсы яки жаман болып шығыўына нағыслардың түрлерин таңлап, ҳәр бир заттың түр түсине, реңине қарай орынлы қолланыўдың да әҳмийети күшли болған. Ҳәр қандай түр, реңлер тәртип пенен избе-из ретлестирип қойылмаса нағыс шырайлы болып шықпайды. Орынсыз, дус келген бояўлар менен жөн алды қарабарақ бояла берсе, онда ең жақсы деген нағыстың өзин де гүңгиртлендирип, кеўилсиз етип көрсетиўи мүмкин. Бирақ, бурынғы қыз-келиншеклеримиз бундай шалағайлыққа жол қоймаған. Олар өз исине пуқта қараған ҳәм реңлерге айрықша кеўил бөлген.

Бояўлардың түр-түсин таңлап алыў халықтың этнографиялық тарийхы менен тығыз байланыслы болған. Искусство изертлеўши илимпазларымыздың айтыўынша ҳәр қандай түстиң өзиниң символлық қасийети болады. Олар көбисинше усыларға итибар берген. Көк түс аспанның символы, қызыл түс—оттың, күн нурының, ақ түс—ҳақыйқатлықтың, қуўаныштың, сары түр ақыл парасаттың, қара түр—жердиң, жасыл түр—жаслықтың ҳәм бәҳәрдиң символы ретинде сәўлеленген.

Ал, қара жипек сабақлар менен кесте тигиў жүдә сийрек ушырасады. Айырым ўақытларда бул сабақты аза тутыў кийимлерине пайдаланылғанлығы ҳаққында илимпаз А. Алламуратов өзиниң «Кестешилик» деген мийнетинде де атап көрсетеди.

Кестешилер көп түрлер менен берилетуғын нағысларда бояўлардың түсиниң бир-биринен алыста бадырайып турғанлығын унатпайды. Олар бояў түрлерин бир-бирине минәсип, жарасықлы ҳәм избе-излик пенен қолланып раўажландырып, пайдаланып отырған.

Халқымыз дәслепки ўақытлары бояўларды ҳәр қыйлы өсимликлердиң тамырларынан алған. Ҳәмме жерге белгили бояў «Томар бояў», «Қызыл бояў шөп», деп



аталады. «Томар бояў» ды ашыўдас пенен араластырып қайнатқаннан сары бояў, «Қызыл бояў шөп» қызыл бояў берген. Көк түсти жуўсаннан, шыршаның жапырағынан, қызғыш түсти қынадан, сарғыш түсти атқулақтан алған. Бир түсли өсимликлер екинши түстеги өсимлик пенен қосып қайнатып, өзине керекли бояўды сайлап алып отырған.

### 3. Тоқыў ҳәм кийиз басыў өнери

**Тоқыў өнери** — оғада машақатлы нәзик нәрсе. Ол көп қырлы ҳәм көп сырлыда болып келеди. Тоғай тал менен қызыл жыңғылдан дүўден, себет, қамыстан бойра, жекеннен шыпта, пахтадан бөз, алаша жүннен алаша ҳәм гилем, пилледен жипек, атласлар менен шайы таўарларды тоқыў—қулласы булар ҳәр қайсысы бир-бирине усамаған әлўан түрли тоқыў өнери болып есапланады. Усылардың бир тараўы өрмек тоқыў өнери. Өрмекти тийкарынан гилем тоқыў, қаршын, керги, қара үйдиң буйымлары болған қур, жанбаў, дизбе ҳәм ызба сондай-ақ алаша бөз таўарлар тоқыўлар жатады.

Өрмек тоқыўда да нағыс жетекши орынлардың бирин ийелейди. Бирақ бул буйымларға түсирилетуғын нағыслар ийне сабақтың жәрдеми менен тиккелей өрмектиң өзинде тоқылады. Бул ушын тоқылыўы тийисли болған буйымға алдын ала таярлық көриледи. Жүн ямаса пахтадан жип ийрилип болынғаннан кейин ол өз алдына шыйратылып келепленеди. Кейин оны қанық бояўларға салып бояйды. Буннан кейин барып бул жиплер қозаққа (тоқыў станоги) яки өрмекке ылайықлап жайластырады. Бул тәсил көбинесе алаша ҳәм бөзлерге тән. Ал гилем, қаршын усаған затларға нағыслар үстинен түсириледи. Бул ушын тийкарғы сабақлардан басқа қосымша сабақлар таярланады. Ал олардың нағыслары да бир-бирине усамайтуғын, бирин-бири қайталамайтуғын өзгеше болып келеди.

Халқымыздың өрмек тоқыў өнерин өз шеберликлери менен байытқан тоқыўшыларымыз олардың «қол өнери» фабрикаларында дүньяға келген искусствосының бай үлгилери дәўир менен сырлас болған. Өрмекте тоқылатуғын буйымлардың тийкары пахта менен жүннен ибарат. Тоқыў ушын керекли болған сабақлардың көпшилиги дерлик уршықта (уршық деп аталатуғын ас-



**Ақбасқур**

бапта) қолдан ийирген. Уршық ийириўде де үлкен шеберлик талап етилген. Себеби, тоқылатуғын буйымлардың кеўилге қонымлы болып шығыўы ушын сабақтың бир тегислиги тийкарғы хызметти атқарған. Сонлықтан да ата-бабаларымыз жаңа түскен келиншекти байқап көриўи ушын уршық ийиртип сынайтуғын болған. Усы шеберлеримимиз дөреткен тоқыў өнериниң үлкен бир топары қара үйдиң буйымлары, яғный қара үйдиң баў-шуўы болып есапланады. Енди бизлер усы баў-шуўдың ең бир характерлилерине тоқтап өтейик.

**Ақбасқур**—қара үйдиң ең бир баслы деталы. Басқурлар реңине қарай ақ басқур, қызыл басқур болып аталады. Булай аталыўының себеби ақ басқурлардың тыслығы ақ фонда, болып (пахтадан) қызыл басқурдың тыслығы қызыл фонда болып, нағыслар реңли жүн сабақлардан тыслықтың үстинен түкли етип териледи. Басқурлар узынлығы 12-13 метрге шекем, ал ени 30-60сантиметр аралығында болады. Ақ басқур отаўдың үстин жабатуғын үзиклердиң астынан кереге менен уўықтың бириккен шегарасынан толық шеңбер жасап турады. Ал оның төменги жағынан қызыл басқур тартылады. Сонлықтанда оның нағыслары қайсы тәрепке қарап отырған адам болса да бир қәлипте көрине береди.

**Қур**—қара үйдиң тағы бир керекли буйымы қурлар болады. Қурлар да реңине қарай ақ қур, қызыл қур болып бөлинеди. Қурлардың узынлығы он метрге шекем, ал ени 12-20 сантиметр аралығында болады. Басқурлар отаўдың ишки тәрепин безеў хызметин атқарса—бул қурлар үзикти беккемлеп тартып турыў ўазыйпасын қоса атқарады. Усының менен бирликте алдыңғы үзиктиң үстинен қыя тартылған үш жуп ақ қур артқы үзиктиң асты менен тартылған үш жуп қызыл қурдың ғайры нағыслары отаўдың гөззал шырайына шырай қосады.

Сондай-ақ үйдиң тағы бир қурамалы деталы жанбаў болып есапланады. Жанбаўдың узынлығы 3—5 метр аралығында болып, ени 20 сантиметр болады. Жанбаўлар ишки ҳәм сыртқы жанбаў болып екиге бөлинеди. Ишки жанбаў есик қасқа тутастырылып, иштен үйдиң оң ҳәм шеп жақтағы қапталларының керегесиниң ушынан баслап есиктиң төменги жағына қарай қыя тартылады. Ал, сыртқы жанбаў үйдиң сыртынан дәл усылайынша басланады. Жанбаўдың төменги жийегинде 10—15 сантиметр аралығында реңли шашақлар болып, олар жанбаўдың нағыслы ойылмалары менен үйлесип түскен болады.

**Ший өңир**—бул үйдиң есигин безеўши буйым. Ол есиктиң сыртқы еки қапталына шийдиң сыртына тигине тутылады. Ал ший өңирге усас болған есик қас болса есиктиң маңлайшасына иштен горизонталь бағытта түседи.

Халқымыздың шебер тоқыўшылары қара үйдиң баўшуўларынан басқа да бир қанша тутыныў буйымларын тоқыған. Усылардын бири керги.

**Керги**—керекли буйымларды ишине салып керегеге илип қоятуғын тоқыма ыдыс. Узыны 80 сантиметрден 125 сантиметрге шекем болып, ени 35—80 сантиметр аралығында болады. Кергиниң алды түрлише нағыслар менен безелген болып, ал төменги жийеги шашақланады.

**Қаршын**—тутыныў буйымларының өрмекте тоқылатуғын және бир түри қаршын деп аталады. Қаршын формасы жағынан кергиге усас болғаны менен, көлеми бираз кишилеў болып келеди. Соның менен бирликте оның ишинде кийим-кеншек салынып, ол кереге емес, ал көбинесе сандықтын яки сабаяқтың үстинде жыйналған көрпе-төсек пенен қатар турады.

**Гилемлер**—тоқылыў техникасына қарай түкли гилем ҳәм тақыр палас деп аталады. Қарақалпақларда күтә ертеден-ақ гилем тоқыў өнери раўажланған. Ески гилемлердиң қарақалпақша үлгилери ҳәзир Нөкистеги Үлке таныў музейиниң фондында ҳәм экспозициясында

сақлаўлы. Гилемлерге салынатуғын нағыслар көбинесе қайталамалы мотивте болып келеди. Гилемлер тийкарында өрмекте тоқылады. Усының менен биргеликте өрмекте булардан басқа төсениў ушын алаша, атлардың көзин шыбын—шиpкейден қорғаў ушын көзлик, сондай-ақ қоржын, аяқ қап, отаўлар ушын «Белдеў» ҳәм тағы басқа да көплеген буйымларды тоқыған.

Енди өрмек тоқыў өнериниң нағыслары ҳаққында айтсақ, өрмек тоқыў өнериниң үлгилери өзиниң сан алўан сырлары менен адамды таңландырады. Тийкарында бул үлгилери тәбиятта бар затлардың белгисине тийкарланып исленгениниң гүўасы боламыз. Мәселен: «Ғаз мойын», «Тай туяқ», «Ғаўаша гүл», «Сыр», «Тарақ» ҳәм тағы басқа атамаларда келеди.

Гейде бир мотивке салынған нағыслардың өзинде базы бир өзгешелигине қарай тийкарғы атамаға қосымша атларды қосып айтады. Мысалға, мүйиз мотивиндеги нағыслардың оннан аслам түри бар. «Шытырақ мүйиз», «Сегиз мүйиз», «Жумалақ мүйиз», «Қос мүйиз» ҳәм тағы басқа.

**Кийиз басыў өнери**—тийкарынан мал шарўашылығы менен шуғылланыўшы халықлар арасында көбирек ушырайды. Бизиң ата-бабаларымыз ярым отырықшы ел болып, олар малдың жағдайына байланыслы көшип қонып жүрген. Ал бул ўақытларда олардың тийкарғы отыратуғын маканы, турақ жайы қара үйлер болып есапланған. Усы кийиз бенен бастырылған қара үйлерде қыслап шығыў бизиң халқымызға, оның турмыс талабына мас келгенликтен кийиз басыў усылын келтирип шығарыўы итимал. Қой-ешкилердиң жүнлеринен қара үйди айландырып жабатуғын кийизлер таярланған, нағыс салынбаған. Тус кийиз арнаўлы басылған кийизлердиң ишиндеги ең баслысын сайлап алып, оннан тусқа тутатуғын тус кийиз ислейди. Тус кийизге ҳәр түрли таўардан нағыс ойылып тигиледи. Бул усыл бизиң халқымыз арасында кейинги жақын жылларға шекем пайдаланып келген. Қарақалпақлардың қара үйиниң ишки бетине, тусына тус кийиз тутылып, төрине текиймет төселеди. Текиймет те гүл салынған кийиз. Бирақ оның гүллери жүннен боялып исленип, кийизди басқан ўақытта қосылып басылады.

Кийиз басыў усылы төмендегише болады. Таза шийди жайып, оның үстине сабалған жүнди жуқа етип жаяды. Ол белгили бир қалыңлыққа жеткерилгеннен кейин кийиздиң үстиңги тәрепине рәңбәрең боялған жүнлерден нағыслар салынады. Ҳәммеси болынғаннан кейин тәжирийбели бир адам шөмиш пенен кийиздиң үстине қайнаған сууды себелеп турады. Соң шийди орап қайта-қайта домалатады. Усының менен бирге қайта-қайта шығанақлап басып керегинше қайнаған суў жүритилип, қуйылып турылады Домалатылған кийиз ыссы сууды үзбей қуйып турғаннан кейин тазарып, тез бирбири менен қабысып, шыйрай түседи. Кейин домалатып тебилген кийизди шийден ажыратып алып қайтадан шыйыршықлап билеклейди. Буны «билеклеў» деп атайды. Бул жумысқа ҳаяллар да, ер адамлар да қатысыўы мүмкин. Себеби, кийиз басыў усылы да халқымыздың қанына сиңген жай көмекке келгендей көмекшилердиң жәрдеми менен иске асқан. Усының менен бирге мәселен, Шымбай, Қоңырат, Хожели усаған ири



Тус кийиздиң нағысы (деталь)

ҳалаларда арнаўлы кийиз басатуғын шапшылар да болған. Оларды «шапшы» деп атаған.

Ал буннан кейин кийизди қарпыў басланады. Кийизди қайта-қайта шыйыршықлап, шынықтырыў «қарпыў» деп аталады. Кейин таяр болған кийиз күнге жайылады. Кийиздиң гүл түскен жағы оңы деп аталады. Текийметлерге салынған нағыслар да бир-бирине үйлесимли избе-излилик пенен ретленип салынады.

## 4. Ойыў өнери

Бул өнер өзиниң өзгешелигине ийе ҳәм ҳәр шебердиң ис уқыбын талап ететуғын жуўапкершиликли өнер. Еле жазыў-сызыўды билмеген әййемги заманларда-ақ, адамлар өз ойын тасқа, сүйекке, ағашқа ойып салған. Ҳәзирги қол өнер искусствомыздағы «Ағашқа нағыс ойыў» деген атамалар сол кәсип ийелериниң шеберлери жүдә ерте заманлардан-ақ қәлиплескен. Буннан биз халқымыздың ойыў өнериниң күтә ертеден-ақ пайда болғанлығын билемиз. Қарақалпақ халқы ойыў өнерин турмыслық пайдасына асырыў мақсетинде ҳәм күнделикли күнине жаратыў ушын пайдаланып келген. Оның түрлери менен атамалары күнделикли турмыста тек қолланылып емес, ал оның тутыныўына қарай әмелге асырған болса, енди оларды пайдаланыў жоллары да түрлише аталып ҳәм атамалары бөлинип кетеди. Мәселен, түр салыўдың кестелеў, ойыў, зерлеў, сырыў, териў, көз салыў, кереге көзлеў, өткермелеў, шапшылаў усаған тараўлары болады. Ал усының менен бирге ойыў өнери көбирек усташылық пенен байланыслы болып келеди.

Тарийхый дәреклерге нәзер тасласақ, Орта Азия халықларында күтә ерте заманлардан-ақ өзине тән мәденияты ҳәм ойыў өнери болғанлығы белгили. Бирақ, халқымыздың қол өнер саласы Уллы Октябрь социалистлик революциясына шекем жетерли дәрежеде изертленбеген. Сонлықтан шеберлеримиз еле жазыў-сызыўдың жоқ ўақытының өзинде кеўилиндеги арзыў-әрманларын нағыс етип тасқа ойып, келешек әўладларға мийрас етип қалдырып отырған. Ойыў нағыслары затлардың көлеми менен формасына, айрықша жумсалатуғын мақсетине муўапық ис атқаратуғын болған ҳәм олар мәнили планластырылған. Мәселен, ағашқа нағыс ойыў жумысларындағы усталарымыздың шеберлигинен бурынғы жойылып баратырған естеликлерде шебер өнер ийелериниң қол таңбаларына дус келемиз. Ал бул қолтаңбалардың сақланыўы менен бирге олардың жаңа түс алғанын да, оларға кейинги әўладлар өз шебер усылларын қолланып, бүгинги күнге бейимлестирип ҳәм ықшамлап, түрлендирип отырғанын да айта аламыз. Олар көбинесе ағаштан ойып дуўтар, сандық, сабаяқ, ергенек, ақ баслы ер ҳәм қамыт ағаш, пышақлардың сабына нағысты, ойып пайдаланғанын көремиз. Ала мойнақ дуўтарларға сүйектен ойып нағыслар салған. Атақлы шеберлеримиз Сейтнияз устаның ҳәм оның шәкирти Қайып усталардың соққан дуўтарлары да музейдиң экспозициясынан орын алғанлығы менен мақтансақ арзыйды.

Атақлы усталарымыз тек ағаш ҳәм темирлерге жан берип қоймастан, олар терини ийлеп, ойыўлап нағыслы белбеўлер, шанашларды да ислеген.

Ойыў өнери түрлише метод ҳәм түрлише қураллар менен исленеди. Кестелеў, тоқыў өнерин тек ҳаял-қызларымыз ислейтуғын болса, ойыў өнери ер адамларға ғана тән кәсип болған.

## 5. Зергерлик

Халқымыздың өткендеги тарийхы қызық ҳәм бай. Ал мәденияты барлық ўақытта тарийх пенен тығыз байланыста болғанын көремиз. Айрықша зергерлик өнериниң сыры пүткиллей өзгеше. Оның әлўан түрли ойма нағыслары алтын ҳәм гүмиске соншелли нәзик, ақылыңа уғрас келмейтуғын көз илгисиз бөртиклеринен гүлғумшалары сырғыған жемислерди пайқас етесең. Бирақ, буған жетик қарамасаң оларды байқамайсаң. Зергерлердиң илгир зейинли, қыял пәрўазының кеңлигин халық дәстанларында, шайырларымыздың йошлы қосықларында бергенлериниң гүўасы боламыз. Себеби, олардың гүлге қас нәзиклигин тек шайырлар ғана бере алған. Буған мысал халқымыздың ең дәслепки пайда болған саз әсбапларынан шыңқобыз, қобыз, дуўтар, баламан, сырнай усаған әсбапларының дәстанларда жийи ушырасыўын атап өтиўге болады. Олар ҳәттеки ҳәзирги бизиң заманымыздың раўажланған мәдениятында да өз рольлерин жойытқан жоқ. Ал, усының менен бирге

булардың ҳәммесинде де зергерлердиң қосқан үлеси айрықша.

Сондай-ақ халқымыздың қол өнер туўындыларының ҳасыл ғәзийнеси халық шеберлериниң белгили бир тараўын раўажландырыўшы да зергерлеримиздиң мийнети болып табылады. Бул өнер барлық қол өнериниң ең машақатлысы ҳәм ол гөззаллығы, өз нәзиклиги менен де айрылып турады. Ҳаял-қызларымыздың өз көркине көрик қосыўды әрман етиўи зергерлик өнерин келтирип шығарды. Бул безениў буйымлары алтын, гүмистен, яхут ҳәм мерўерт, гәўҳар усаған ең қымбатлы таслардан исленген. Халқымыздың зергерлери менен темирши усталары тутыныў буйымларын көркем етип темир металлар менен гүмис ҳәм алтынлардан ислеген.

Атақлы шеберлер өзлериниң ойыў өнериниң әжайып үлгилерин ядтан ислеп, өзлери ойлап тапқан. Ал ислеген ҳәр бир затына жаңа мәни бериў дәрежесине жеткен. Халық бундай адамларды «қолы гүл», «ойыўшы» деп атаған. Бул шеберлер ҳәр бир елде, ҳәр бир аўылда болған. Оларды атақлы халық «ойыўшылары» деп атаған. Олар өзлериниң ойыў үлгилерин қоңсылас халықларға да таратып отырған. Гүмистен аттың ертурманын, қыз-келиншеклердиң безениў буйымларын, басқа да турмысқа керекли мыс қуман, дүмше, дүң, пышақ тағы басқа да затларды көркемлеп, нағыслап ойыўлаған. Ҳәтте темирши усталардың күл алатуғын белшелери менен бел-кетпенлеринде де өзлерине сай шеберлик сырлары болған. Халық олардың қайсы устаники екенин буйымларынан айыратуғын болған.

Темиршилик усташылығы ҳәм зергерлик өнери атадан балаға мийрас болып қалған. Нәсилден-нәсилге аўысып отырған,. Темиршилик пенен тийкарынан ер адамлар айналысқан. Ал, зергерлик кәсибин ҳаял-қызлар да атқарған. Болмаса олар уста әкеси менен ерлерине көмекши де болған. Егер атақлы зергердиң улы болмаса оның кәсибин қызы яки ҳаялы уластырып отырған. Соның арқасында зергерлик кәсибин шынжыр-ма-шынжыр мийрас етип келгенлер де болған.

Бундай халықтың ишинен шыққан атақлы шеберлердиң мийнетин адамлар ҳүрмет пенен иззетке бөлеген. Оларға баҳалы сыйлықлар инәм етип, даңқын көклерге көтерген. Ҳәтте олардың аты-ҳаўазасы елден елге





Арша

тарап, атақлы бийлер менен патшалар да оларды өз сарайларына алдырып, ҳасыл буйымлар буйыртқан. Ал, айырым шеберлер хан сарайына «бармайман» деп патшалыққа хызмет етиўден бас тартып, патшалардың қаҳәрине де ушыраған. Бирақ, оларды жай-пуқара халық қорғап, өзлери ғамхорлық жасаған. Улыўма халық арасында өнер ийелериниң шеберлиги ҳаққында ҳәр қыйлы әпсаналар да дөреген.

Зергерлик өнери—ҳәр бир халықтың этнографиялық өзгешеликлерин белгилеўде айрықша әҳмийетке ийе. Себеби ҳәр бир зергерлик буйымлардың формасы, нағыслары ҳәм технологиясы бойынша бирин-бири қайталамайтуғын миллий өзгешеликлерге ийе.

Усындай шебер усталардың ислеген буйымлары атадан балаға мийрас болып өтип, гөнермей, өз мазмунын жойытпай бизиң дәўиримизге шекем келип жеткен. Бул мийрасларды қәстерлеп сақлап, келешек әўладларға жеткериў исине Қарақалпақстан АССР Мәмлекетлик Үлке таныў музейи айрықша үлес қосып атыр.

Музейдиң Уллы Октябрь Социалистлик революцияға шекемги бөлиминиң хызметкерлери революцияға шекемги халықтың ҳасыл мийрасларын жыйнаў ҳәм та-

рийхый изертлеў жумыслары менен шуғылланады. Олар автономиялы республикамыздың алыс-алыс районлары менен аўылларында болып, халық арасында сақланып киятырған зергерлердиң шебер қолынан дөреген нусқаларын жыйнайды. Бул ис еле даўам ете береди.

Бөлимниң этнографиялық тараўының өзинде бес мыңнан аслам халықтың өткендеги турмысын, үрп-әдетин, күн көрисин көрсететуғын тийкарғы экспонатлар бар. Мәселен, дуң, мыс қуман, шынықап шай қалта, жегде, киймешек, шашбаў, өңирмоншақ, ҳәйкел ҳәм тағы басқа затларда да зергерлердиң қолы бар.

Зергерлеримиздиң күтә заўықланып ислейтуғын буйымлары ҳаял-қызларымыздың безениў затлары ҳәм оларға ойылған ҳәр қыйлы нағыс үлгилери болады. Бул буйымлардың ең бир характерлилери дүзиў, шекелик, төбелик, ҳәйкел, өңирмоншақ, сырға, әребек, шашбаў, тумар, түйме, айшық, силсинели сырғалар (Халқаплы) ҳәм тағы басқалар болған.

Қарақалпақ ҳаял-қызларының безениў буйымлары қарақалпақ зергерлериниң бас кәсиби болған. Бул безениў буйымларын тағыныў мүмкиншилигине қарай төмендегише бөлип көрсетиўге болады:

1. Бас әшекөйлери—әребек, сырға.
2. Көкирек әшекөйлери—ҳәйкел, өңирмоншақ, гилтшалғыш, тумар, айшық, бақа түйме, илгек, ҳәм тағы басқалар.
3. Қол әшекөйлери—жүзик, билезик.

Қарақалпақ зергерлери өз қолларынан шыққан безениў буйымларын бир-биринен өзгеше етип ислеген. Олардың қолларынан шыққан бундай безеў буйымлары, яғный жапыраққа усаған майда сыңғырлаўықлары алқымның асты менен жуп сырғаны тутастырып турған силсинели сырғалар, бармақларға тағылған ҳасыл қаслы жүзиклер менен, шынжыр арқалы тутастырылатуғын қос билезиклер халқымыздың миллий байлығы сыпатында елеге шекем сақланып келмекте. Буған мысал ретинде халқымыздың арасында ҳинжи-маржан таслардан қас қондырылған жүзик ҳәм сырғалар ҳәзирги ўақтада қолланып киятырғанын атап көрсетиўимизге болады.

Халқымыз «гүмис ҳадаллыққа жақсы» деп қолға жүзик салыўды үрдис еткен. Бул ески дәстүр болғаны





Қаслы билезик

менен, бизиң ойымызша бунын төркининде сол дәўир руханийларынан шебер өнер ийелери қорыққан болып, себеби, сол руханийлар саз бенен сәўбетке де, халық мерекелеринде қосық айтқанларды да жек көрип, ол нәрселерди гүна санағаны бизге мәлим. Сол ушын бир тәрепинен динди көтермелеген болып көриңгиси келиў бәнеси менен гүмистен исленген затларды «ҳадаллыққа жақсы» етип көрсетсе, ал екинши тәрепинен зергердиң өнери менен оның мүлки болған гүмистиң баҳасын көтермелеген болыўыда итимал деп ойлаймыз. Сол себепли де халқымыздың қол өнериниң әҳмийети елеге шекем жоғалмай киятырғанын да дәлиллейтуғындай көринеди.

Енди зергерлердиң бул буйымларындағы (жүзик, билезик) эстетикалық тәсирин ҳәм халық уғымындағы мәңгилик қәсийетин сақлаўда да үлкен мәни аңлатып, көриўшилерге айрықша заўық бағышлайды. Периўза, ҳинжи, маржан тасларынан ҳаял-қызларымыздың безениў затларына қолланып, олардың нәзик тәбиятына бейим тәреплерин ашып, жанландыра бере билгенин де аңлаймыз.

**Ҳәйкел**—қарақалпақ зергерлериниң әжайып дөретпелериниң бири болып, ол ҳаял-қызлардың ең бир сулыў

безениў буйымларынан болып есапланады. Шымбай, Кегейли районларына белгили Омар зергердиң соққан ҳәйкел, өңир моншақлары менен, Тахтакөпирли Әмет зергердиң ислеген ҳәйкел, өңир моншақларында, сырғаларында, бул еки шебер ҳасла бир-бирине усамайтуғын өзгешелик—манера, өзиншелик стиль—«образ» дөретиў шеберлиги байқалады.

Революцияға шекемги ҳәм оннан кейинги дәўирлерде халқымыз өз шеберлиги менен танылған атақлы марҳум зергерлерден Шоманайлы Мырзалы, Қоңыратлы Қошнияз зергер менен Сейтмурат, Шымбайлы Омар менен Өтежан, Халқабадлы Базарбай зергер, Нөкис әтирапындағы Абылайсаң, Тахтакөпирли Әмет зергерлердиң атын ҳүрмет пенен тилге алыў оғада орынлы.

Мәселен Тахтакөпирли зергер ҳәйкелди безегенде оған бес-алтыдан, ҳәттеки он екиге шекем қызыл қаслар орнатқан. Ҳәйкелдиң үстиндеги ашық қалған кеңисликлерди ҳәртүрли гүлдиң ҳәм өсимликлердиң жапырақ үлгилери менен безеп толықтырған. Гейде оған алтыннан пуў береди. Ҳәйкелдиң қаптал жийеклерине тигине төрт яки алты қатар етип түймелер тағылады. Дәслепки ўақытларда түймелер тек жағаны илдириў ушын ғана пайдаланылған болса, кейин ала безениў буйымларына айланып кеткен. Түймелердиң төменине жуп шар түйме, оннан соң гилт шалғыш ҳәм өңир моншақлар тағылады. Улыўма айтқанда булардың ҳәммеси қосылып жаслыққа тән жарасымлы үйлесикти пайда етеди.



Шар түйме

Жуўмақлап айтқанда зергерлердиң шебер қолларынан шыққан усындай жарасықлы, адамға гөззаллық инам ететуғын буйымларымыздың қаншелли тарийхый жолларды басып өтиўине қарамастан оны қастерлеп, байлық сыпатында ҳүрметлеп сақлаймыз. Бул буйымлардың нешше түрлиси музей экспозициясынан табылады. Буған қарап отырып халқымыздың күтә әййемги заманлардан баслап-ақ бай қол өнерине ийе, уқыплы, талғампаз халық болғанлығын көремиз. Биз усындай өтмиш мәдениятының ҳәм тарийхый дереклериниң тийкарын изертлеўди мақсетке муўапық есаплаймыз.

## МУЗЕЙ ЗАЛЛАРЫН АРАЛАП

Музей залларын аралап жүргенимизде халқымыздың өткендеги тарийхын, олардың узақ мәнзиллерди басып өткен жолларын, көрген азап-ақыретлерин көз алдымыздан өткеремиз. Халқымыз не көрмеген дейсиз? Қашан оның қолында бийлик, өз тәғдирин шешетуғындай күш болған? Бәрҳама басқаға яғный 1811-жылға шекем қазақ ханлығының қол астында болып, 1811-жылдан 1873 жылға шекем Хийўа ханлығының зулымлығында, ал 1873—1917-жылға шекем патша Россиясының қол астында болды. Мине, усы дәўирлерде халық бир тәрепинен зулым ханлардың қысқысында, болса, екинши тәрепинен бай, бий, молла ийшанлардың аяўсыз езиўинде жасады. Олар халықты сүликтей сорды. Ҳәттеки олар отырған, қоныс басқан жерлерин таслап қаңғырып көшип кетиўге мәжбүрледи. Мине, халықтың посып жүрген ўақытларында олардың ишинде атақлы ойшыл шайырларымыз Жийен жыраў, Күнхожа, Әжиниязлар болды. Олар халықтың муңын муңлап, жырын жырлап шығармалар дөретти. Буны халқымыз ядлап

алып өз жүреклеринде сақлап қастерледи. Мине усындай ойшыл демократ шайырларымыздың бири XIX әсирде жасаған Бердақ (Бердимурат Ғарғабай улы) болып есапланады. Ол Хийўа ханлығының аяўсыз зулымлығына шыдамай көтерилиске шыққан халықтың басшылары ҳаққында шығармалар дөретти. Мәселен, оның «Айдос баба», «Ерназар бий» деген шығармалары усы халық көтерилисин басқарған батырлар ҳаққында сөз етеди. Зулым ханның халыққа ислеген жәбир-жапасы ҳаққында тайсалмай батыл түрде айта билди, мәселен оның ҳәммеге белгили «Ақмақ патша» деген поэмасы буған дәлил бола алады. Ол қолына дуўтар алды. Өз шығармаларын, қосықларын халыққа саз арқалы да жеткерип отырды. Өзи де кемтарлықта, жоқшылықта жасады. Бердақ халық пенен бирге болды. Халық—Бердақты, Бердақ—халықты сүйди.

Жигит болсаң арысландай туўылған
Хызмет еткил удайына халық ушын,—деп

жырлады.

Мине, Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейиниң экспозициясында қарақалпақтың классик шайыры Бердақтың өмирине байланыслы экспонатлар қойылған бөлимди ушыратасаң. Бул жерде Қарақалпақ халық художниги Қәўендер Бердимуратовтың тәрепинен исленген Бердақтың бюсты, көплеген қоңсы республикалардың белгили илимпаз ҳәм жазыўшы — шайырларының Бердақ ҳаққындағы айтқан пикирлери, Бердақ ҳаққында жазылған мақалалар, шайырдың өзиниң китаплары (ҳәр тилде шыққан) қойылған. Сондай-ақ бул бөлимде күтә баҳалы бир экспонат бар. Ол да болса Бердақтың өзиниң услап пайдаланған дуўтары болып есапланады. Бул бөлимди музей көриўшилери күтә қызығыўшылық пенен аралап көреди. Жазып алады. Ҳәзирги жас әўладларымыздың Бердақ творчествосына қызығыўшылығы, ол ҳаққында қызықлы пикирлери бизди қатты ойландырады. Бердақтың өмирин еледе тереңнен изертеўге илимпазларымызға жуўапкершиликли ўазыйпалар жүклейди. Буннан биз Бердақтың мемориал музейин ашатуғын ўақыттың жақын екенлигин сеземиз.

Музей тек өз байлығын пропагандалаў менен шекленип қалмастан, илимий массалық жумысларын алып



барыў менен бирге ол экспозициясының формасын өзгертип, байытып та отырады ҳәм музей экспозициясы тарийхый байланыстырылып избе-излилик пенен темаларға бөлинип қурылады. Соның ишинде «Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы» деген тема да бар.

1873-жылы он үшинши августа Хийўада Россия мәмлекети менен Хийўа ханлығының ортасында он сегиз функттен ибарат Гендемиан договоры дүзилди. Себеби бул договор Гендемиан қаласында дүзилгеннен кейин усылай аталды. Бул договор бойынша он сегиз мың адам қуллықтан қутқарылды. Булардың ишинде өз қарызын төлей алмағанлықтан қул болып сатылған қарақалпақлар да бар еди. Сондай-ақ Россияға қосылғаннан кейин қарақалпақ территориясында күтә әпиўайы болса да пахта тазалаў, май шығарыў, былғары тери ислеў, жоңышқа туқым тазалаў фабрикалары, заводлар, параходлар, отқаразлар, «орыс жоллар» пайда болды.

Дәслепки билимлендириў, медициналық мәкемелер пайда бола баслады. Русша билим беретуғын мектеплер ашылды. Мәселен, Әмиўдәрья бөлиминде 1878-жылы төрт мектеп ашылды.

1900-жылы Шораханда ҳәм Шымбайда жергиликли рус мектеплери ашылды. Бунда рус мәдениятын үйрениўдеги зәрүрли қурал болған рус тилиниң тараўына мүмкиншилик туўды. Бул мектеплерде рус тили менен бир қатарда арнаўлы пәнлер де өтиле баслады. Мәселен, тарийх, география, әдебият ҳәм тағы басқалар.

Мектеплерде оқыўшылар пулсыз оқытылды. Рус балалары менен жергиликли миллеттиң балалары араласып оқытылыўы бул рус ҳәм қарақалпақ халқының арасындағы дослықты бурынғыданда да бетер беккемлеўге тийкар салды.

Қарақалпақ территориясының тиккелей Россияға қосылыўы Қарақалпақ халқының рус халқы менен жақыннан танысыўына, жақынласыўына, олардың алдыңғы қатардағы мәдениятының тәсири менен өзлериниң мәдений, сиясий-экономикалық қатнасларын раўажландырыўға жағдай туўдырды.

Қарақалпақ халқының Россияға қосылыўы ҳәр қандай колониялық сиясатына қарамастан прогрессивлик әҳмийетке ийе болды. Усы қосылыў ғана қарақалпақ халқына рус халқы менен бирликте революциялық гү-



Қара үй тигиў.

реске қатнасыўына мүмкиншилик алып берди. Билимлендириў тараўы бойынша биринши рет 1900-жылы Шораханда ашылған жергиликли мектепте рус тилинен сабақ беретуғын муғаллимлер пайда болды. Олардан Ержан Қожуров ҳәм Хожелиден Ахмед Юсуповларды атап өтиўге болады.

Россиядан халық арасына жаңа пайдаланыў буйымлары әкелинип сатыла баслады. Мәселен, самовар, зер шапан, киймешеклердиң алдына ҳәм жегделердиң жағасына салынатуғын сухнолар, мақпаллар, тигиў машинасы, желқомлы кемелер пайда болды.

Тигиў машинасы қол менен тиккеннен гөре тез ҳәм өнимли болып, қол мийнетин жеңиллетти.

Әпиўайы желқомлы кеме. Қарақалпақлар орыслардың келиўи менен желқомнан пайдаланыўды үйренген.

Улыўма алғанда халқымыздың Россияға қосылыўы оның келешекте рус халқы менен бирликте гүреске қатнасып, бахытлы турмыс қурыўына талпыныўы яғный



халықтың қуяшқа талпыныўына мегзес болды. Келешек бахытлы күнлерге тийкар қурып берди.

Мине усы ўақыялардың барлығы да музей экспозициясында сүўретлер менен жанлы сәўлеленип тур.

## ГӨЗЗАЛЛЫҚ ШАЙДАЛАРЫ

### Жансызға жан питсе

Бул күни биринши сабақ әдебият еди. Үйге тапсырылған тема «Халық дәстанлары».

— Қәне, үйге берилген тапсырманы ким айтып береди? — деди муғаллим балаларға қарап. Жолдасбек те қол көтерди.—Сен айта ғой, Қуттымуратов. Жолдасбек орнынан турарын турса да муғаллимге бир қарап алып, партаның астынан бир нәрсени муқыятлылық пенен суўырып ала баслады. Оған таңланған оқыўшылар мойынларын созып, гейпаралары орынларынан турып та кетти.

Муғаллим де аң-таң. Әллен ўақытларда қолына еки бет үлкен қағаз услаған Жолдасбек доскаға қарай жүрди. Бул еки бет қағаз аталғаны менен, көлеми анаў-мынаў астахтаның бетинен кем емес еди. Улыўма бундай қағазды аўыл баллары некен саяқ көрмесе аз ушырататуғын еди. Ол қағазды жаздырмастан муғаллимниң столының үстине қойды да, өзи доскаға жақынлап барып турып, үйге берилген теманың мазмунын айтыўға ыңғайланды.

Муғаллим асықпастан қағазды алдына жайып жибергенде, доска алдында турған Жолдасбекке ериксиз жалт қарағанын билмей қалды.

— Тоқтап тур. Жолдасбек. Мына сүўретти өзиң салдың ба? — деп сорады. Оның жүзинде тек ғана таңланыў емес, сүйиспеншилик те бар еди.

— Аўа,—деди Жолдасбек. Бирақ баланың тамағы тығылып қырынып қойды. Ондағы толғаныў устазыникинен бир неше мәртебе бәлент еди. Бетлери де қызарып кетти. Басын да жоқары көтере алмайды. Бирақ көз қыйығы урланып стол үстине қарағаны ҳәзирги оның қысылыспаға түскен сүлдеринен анық атқа таңба басқандай билинип тур еди.

Қағаздың биреўинде жаў-жарағын асынып атланысқа таярланып турған батырдың айбатлы келбети

ҳәм сол ўақыттың салты, дәстүри, кийим-кеншеги, құлласы қағазға не түскен болса ҳәммеси, ҳәммеси тек өз көзине емес, ал басқаларға да саўлатлы көринип тур еди. Сүўреттиң астына «Қоблан батыр» деп жазылған екен. Ал екинши сүўретте оның сүйген яры Құртқа батырға атын кесе тартып тур.

Кеўлине түртки салған дәстан қаҳарманлары жасғана баланың ой-сезимин, тилсиз сүўрет арқалы жеткерип, устаз ҳәм жолдасларын толқытып жиберди. Ойлы муғаллим алдындағы жас шебердиң жүрегин жарып шыққан сезимталлығына таңланбай тура алмады. Сонша жыл бала оқытып көркем өнердиң буншама өзине тартатуғынлығын биринши рет сезип турғаны еди. Ол сүўретти доскаға апарып илдирди де, Жолдасбекке қарап:

— Отыр! Отыра ғой, — деди артына, доскаға бурыла берип. — Сениң сүўретиң ҳаққында енди жолдасларың қыял жүритсин, — деп баланы өз партасына отырғызды.

Жыллар өтти... Бирақ жигит болған Жолдасбектиң есинен сол бир қызғын балалық жылларындағы ең дәслепки рет халық дәстанлары бойынша салған сүўретти көрсеткендеги устазының қуўанышлы келбети шықпайтуғын еди. Себеби, ол ой салып, толғандыратуғын пайытлар еди. Ақыры сол ўақтағы муғаллим менен жолдаслары оған рухий күш бағышлап, келешекке жол силтеген, исенимге ийтермелеген еди. Буның үстине «бес»» баҳасын қойған устазының сүўрети де, сол ўақыттағы оның толғанысы да, ишки сезим дүньясы да, ҳәтте жүзлериндеги қыймыл ҳәм ҳәрекетлери де оның есинен шықпастай болып қалған еди. Ал бул нәрселер де Жолдасбектиң келешекте иске асыратуғын әрманы еди. Бирақ еле устаз ҳаққында аңыз дөрете алмай жүр. Деген менен оның тулғасы өзин биринши рет баҳалаған адамның турқы еле есинен шығар емес.

Сүўрет салыўға қумарлық Жолдасбектиң жүрегинде жаслайынан-ақ орын алған еди. Ол Кегейли районында туўылып өсти. Оның балалық қыялы, «дүнья жүзин араласам, атақлы сүўретшилердиң мийнетлерин көрсем» деген арзыў-әрманнан ибарат еди. Орта мектепти туўылған аўылында питкергеннен кейин ол Ленинградтағы Арктикалық теңиз училищесине оқыўға түседи. Ол жерде Жолдасбек Эрмитажға жийи-жийи



барып турады. Ондағы атақлы художниклердиң сүўретлери Жолдасбектиң сүўрет салыўға болған ышқысын бурынғыдан да бетер арттырып излениўге талпындырады. Эрмитаждағы сүўретлерге сығалап қарап, оның сырларын уғып алғысы келеди. Қалай болмасын өзиниң сүйген кәсибин таңлап алатуғынлығын сезеди. Ақыры үшинши курсқа өткен жылы бул училищени қойып Ташкенттеги художестволық училищеге келип түседи. Ташкентте оқыған бес жыл Жолдасбектиң творчестволық өсиўиндеги излениў ҳәм көркем өнерге қәлиплесиў жыллары болды.

1962-жылы училищени питкерип келип Қарақалпақстан Мәмлекетлик баспасына бас художник болып орналасады. Кейин телевидениеде ислейди. Өз жолын таппағандай өз исине кеўили толмай жүрген Жолдасбекке усы күнлери И. В. Савицкий ушырасады. Ол республикамызда искусство музейин шөлкемлестириў ҳаққындағы пикирин айтады. Бул ушырасыў Жолдасбектиң кеўилиндеги көркем өнерге деген ышқы муҳаббатын күшейтеди. Ол усы музейди ашыўға жәрдемлеседи ҳәм усы жерге жумысқа орналасады.

Жолдасбек дәслепки ўақытлары живопись ҳәм графикалық сүўретлер салып жүрди. Бирақ оның кеўилин скульптура менен шуғылланыўы бийлеп ала баслайды. Ҳәр қандай скульптор ушын өзиниң материалын таңлап алыў баслы орынды тутады. Сондай ақ Жолдасбек бурыннан ақ ерик ағашы менен тут ағашының адам денесине жақын екенлигине ҳәўеслenетуғын еди. Бир ретинде ол ерик ағашынан тақыя кийип турған қыздың сүўретин ояды. Бул сүўретти Ташкенттеги көргизбе комитети сатып алады. Кейин ол сүўрет Эстония, Латвия, Қырғызстандағы көргизбелерге қатнасты.

Скульптуралық шығармалар бронзадан да, тастан да, ылайдан да жаратылады. Жолдасбек ушын өз материалын таңлап алыў онша қыйынға түспеди. Ол қарақалпақ халқының оң қолынан өнери тамған усталарының бурыннан соңғы қолланып киятырған жолы ағаштан скульптуралық образлар дөретиўге кириседи.

Жолдасбектиң ағаштан зат ислеўдиң бай живопистлик қәсийетлери қызықтырды. Шығармадағы айтайын деген ой және оның мазмунын түсиникли етип бериў үстинде ислеў, сүўреттиң ямаса скульптураның ис жүзине асырылыўына дәслепки сын, демек сүўретшилер-

диң өз-ара пикир алысыўы үлкен жәрдемин тийгизеди. Хәрқандай сүўретши өз шығармасының идеясын тереңлетип, ислеп шығыўда рус сүўретшилери В. П. Яковлев ҳәм тағы басқа художниклерден үйренгенлерин изертлейди. Бул изленислер Жолдасбектиң тәнха өзине тән тема таңлаўда да уқыплы ҳәм оны шебер пайдаланғанын да көремиз. Оның скульптуралық шығармаларында бир форма екиншиси менен шебер үйлесип турады. Оның дәслепки мийнетиниң жемислери усы музейде иске аса баслады. «Әрман», «Дослық», «Өспирим», деген скульптуралық мийнетлери музей экспозициясына қойылған ўақытта көпшиликтиң дыққатын ериксиз өзине тартты. Жолдасбек сулыўлыққа, гөззаллыққа ҳәўес. Ол ислеп шыққан образлар ишинде лирикалық ойға берилген, ойлы отырған нәзик образлар басым келеди. Буған оның «Жаслық», «Өспирим», «Қыз бала» атлы мийнетлеринен қуралған ҳаял-қызлар портретлериниң сериясы киреди.

Оның қарақалпақ дәстанларына арнап ислеген «Арыслан батыр», «Зулхарнай», «Гулайым» атлы скульптураларында халықтың мәртлик, ерлик ҳаққындағы аңызларын, жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққындағы түсиниклерин сүўретши жан тәни менен сезиўге ҳәм образларды усы түсиник, усы фантазияға муўапық жаратыўға ҳәрекет еткенлиги сезиледи. Бул скульптуралық мийнетлерди Польшадан келген художниклер унатып өз елине көргизбе менен бирге алып барыўын өтиниш еткен.

Жолдасбек он күнликлерге ҳәм көргизбелерге қатнасты. Солардың ишинде ең табыслы болғаны В. И. Лениниң туўылған күнине арнап дүзилген Ташкенттеги ҳәм Москвадағы көргизбелер болды, Қарақалпақ қызы» атлы үлкен сүўрети Москвадағы көргизбеден кейин Венгрия, Чехославакия тағы басқа да демократиялық еллердеги көргизбелерге апарылды.

1974-жылы Жолдасбектиң өмириндеги ең бир қуўанышлы ўақия болды. Ол да болса СССР художниклер союзына ағза болыўы еди.

Жолдасбектиң творчествосында оның соңғы жыллларда ислеген темасы «Әмиўдәрья» үлкен орын алады. Бул шығарманы өз алдына бир этап деп алсақ та болады. Шығармадағы ҳаял образы өзиниң гөззаллығы ҳәм нәзиклиги адамды өзине тартса, екинши тәрептен



Әмиўдиң өжет минезин көз алдыңа елеслетеди. Скульптор ҳаялдың жүзин жумсақ ҳәм нәзик сүўретлеп бере билген. Оның шашы арқалы асаў әмиў толқынын сүўретлеп бериў әлбетте скульптурадағы әжайып қәсийет.

Жолдасбектиң алдына қойған мақсетлери де, планы да, әрманы да адам жүрегинде келешекке деген қуўанышлы үмит толқынларын пайда етеди. Ол қарақалпақ халқының батыр перзенти Ерназар алакөз, халықтың сүйген уллары Бердақ, Әжинияз образларын ағаштан яки тастан дөретиў үстинде ойланып жүр.

Он бармағынан өнери тамған, жансызға жан ендирген художниктен әжайып образлар, әжайып шығармалар күтиўге болады.

## «Шайға мирәт»

Қәўендер аға өзиниң жаңадан питкерген мийнетиниң атын усы ат пенен атапты. Жигит қолындағы кесе меҳир муҳаббетке толы. Ол өзиниң жақсы көрген қызының жүрис-турысын, оның минез қулқын, адамгершилигин усы бир кесе шайды усынған ўақытында сезип қалады. Соның менен бир қатарда өзиниң сол қызға болған муҳаббетин тилсиз сөйлеп бериўге мүмкиншилик алады.

Кесе алысыў бизиң халқымыздың арасында ертеден киятырған ел дәстүри. Айырым той мерекелерде гилең жаслар бир жерге отырып жигитлер қызларға шай усынатуғын болған. Ал, қызлар болса орнына әдеп пенен турып келип, кесени алады да, артына бурылмастан изине бәсип қайтады. Бул исте де қыздың күтә еплилиги ҳәм минез қулқы байқалып қалады. Әдепикрамлылығын сезип үлгереди.

Халқымыз ҳәр қашанда әдеп икрамлылық пенен сыпайы сөйлесиўди, бир-бири менен сыйласықлы болыўды қәлеген. Қәўендер ағаның бул мийнетинде де халқымыздың усы бир ағла дәстүри толық қамтылған. Бул әжайып скульптура Мақтымқулының:

«Биреў менен ашна болай десеңиз,
Мерекеде отырыс—турысын көриң»

— деген қосық қатарларын ериксиз есиңе түсиреди.

Усының менен бир қатарда ҳәзирги қызларымыздың бир-бири менен турпайы сөйлесиўлери, аңсыз ойланбай гәп айтыўлары бир түрли кеўилинди қабартып таслайды. Оған мысал ретинде жақында ғана өзим гүўа болған мына бир ҳәдийселерди айтып өтейин.

Автобус күткенимизге де ярым сааттан аслам ўақыт болды. Адамлар тәўир ақ жыйналып қалған. Гейде №8 автобусын сарсыла күтип қаласаң Ал усы күткен автобусыңа минип кейнине қарасаң тағы бир №8 автобустың киятырғанын көресең.

— Япырмай бала, усылар дизилисип жүрмесе қорқа ма екен, буларда белгили бир режим болмаса,—деп реңжийди адамлар.

Усы ойлар менен турғанында күткен автобусым да келди — аў,әйтеўир. Ҳәмме гуў бас салып есикке талпындық. Автобуста аяқ басар жердиң өзи шамалы Айнаға жақын жерде услап туратуғын темир бар екен. Соған жақынлаў ушын илгери жүриўге ҳәрекет еттим. Усы ўақытлары баж ете қалған бир қыздың даўысынан шоршып кеттим.

— Байқасаңыз болады ғой, сизде көз деген бар ма өзи? Алдыңызда отырған адам ба, я — деди отырған бир қыз, темирден услайын деп абайсызда аяғын басып алған биреўге. Ол адамның қолында қолтық таяғы да бар екен.

— Кешир, Қызым. Байқамай қалып атырман. Оның үстине мына аяғым қурғыр да ырқыңа көне бермейди. — аў — деди ол киси айыплы адамдай күлимсиреп.

— Ҳаў балам-аў мына анаңдай адам турғанда сен оннанда орын берсеңо!? — деди ол қасындағы тикейип турған кемпирди көрсетип.

— Мен оны сеннен сорамайман,—деди де қыз айнаға қарап мелшийип отырып алды. Қыз жап жас, сын сынбаты келискен, мәйектиң ақ уўызына шайып алғандай аппақ екен. Егерде қыз үндемегенде ҳешкимде қыздан бундай турпайылық шығады дегенге исенбес еди.

Черемушканың бәндиргисинде қыз түсип қалды. Ал, өзи түсер ўақытта ҳешкимге қарамастан қағынып-силкинип, кимниң аяғын басып, кимди ийтергишлеп түсип кетти.

Бул ўақияны көрип отырып жигит қолынан сызылып келип шай алған, кейин әсте ғана сол турысында бурылмастан бәсип орнына барып отырған, кесени әкелип берерде, әдеп-икрамлылық пенен ийилип жигит қолына табыс еткен қызларды буған салыстырып ойлап көрдим. Бир түрли кеўлиң қабарып қалады екен.

Әлбетте, ҳәмме қызларда бундай емес ғой. Деген менен гейпара жағдайларда да усындай қызлар болмаса екен деп ойлайсаң.

«Шайға мирәт» мийнетиниң авторы Қәўендер Бердимуратов жақсы мийнет ислеўиниң нәтийжесинде 1974-жылы «Қарақалпақстан халық художниги» деген атақ алды.

Өз творчтвосын графикалық жумыслардан баслаған Қәўендер аға скульптуралық жемисли мийнетлери ушын 1978-жылы Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты болды. 1970-жылдан берли художниклер союзының ағзасы. Қәўендер ағаның өз қолынан дөреген жүзден аслам мийнетлериниң бәринде де халықтың өткен турмысы менен ҳәзирги турмысын салыстырып, олардың жетискенликлерин көретиўге бағышланған. Ҳәзир халық художниги Қәўендер аға жаңа-жаңа мийнетлер үстинде ислеп атыр.

## Миллий цехта

Районларға шығып жүрип «Қарақалпақ халқының миллий нағыслары» деген темада лекция оқығанымызда адамлардың көпшилиги мынадай сораў береди: «Басқа қоңсылас республикаларға барғанымызда сол халықтың өзиниң миллий өзгешелигин көрсететуғын нағыслы кийимлерди кийип жүргенлерин көремиз. Олардың ишинде жасы да, ғаррысы да бар. Ал усындай миллий өзгешелигимизди көретуғын кийимлерди бизлер де ҳәм бизиң жасларымыз да кийген де болмас па еди?» Әлбетте, дәслеп бул пикирге қосылатуғынлығымызды ғана айтыў, менен шекленип қалатуғын едик.

Бир күнлери «Ҳүрлиман» ательесиниң жанынан нағыслы жаға салып кийим тигетуғын бөлим ашылыпты, деп еситтик. Әлбетте, бул бөлимниң ашылыўы да бизлердиң өтинишимиздиң нәтийжеси еди. Енди усы цехта кийимлерди қалай тигеди екен?! — деген саўал мени қызықтырды. Барсам еки адамға кишкене ғана бир өжире ажыратып берген екен. Орта жасларға келген ҳаял ҳәм оның қасында отырған жас өспирим қызды көрдим. Олар тек ғана ҳаял қызлардың көйлегиниң жа-

ғасына ҳәм жеңлериниң ушларына нағыс салып тигеди екен. Олар жағаны дәслеп сырып алып, кейин нағысына қарағанда қол менен кестелейди. Ҳаял ҳәм қыздың ықлас пенен ислеп атырған ислери өтмиштеги атақлы кестеши апаларымызды ериксиз көз алдына келтиреди. Олардың кестелери күтә уқсас, шебер апаларымыздың кестелерин қунт пенен тауарға түсириуге кирисип атырғанлығын көрип бир түрли ишим жылып сала берди. Бул еки шебердиң аналы-балалы екенлигин билип ҳайран қалдым.

Кестеши апай өмиринше тигинши болып ислеген. Ол адамлардың кийимлерин тигип, атағы шыққан шебер екен. Оның он бармағынан өнери тамған шебер қолларынан дөреген кийимлер адамларға жарасымлы ҳәм қонымлы болып келеди екен. Жәмийла апа өзиниң кәсибине қызының да қызығатуғынлығын сезип, оны да өзиндей шебер тигинши етип тәрбиялауға кириcкен. Қызы Зәкийра 1959-жылы Нөкистеги Карл Маркс атындағы орта мектепти питкерип шыққанынан кейин анасы ислейтуғын тигиу фабрикасына жумысқа киреди. Бул жерге шәкирт болып келген Зәкийра өзиниң инталылығы менен алты айда аттай мастер болып жетиседи.

Цех шеберлери халқымыздың өлмес мийрасларының үлгили тәреплерин рауажландырыуда оларға партиямыз бенен ҳүкиметимиз жақыннан жәрдем берди. Нағыс тигетуғын машиналардың санын көбейтти. Кестешилерге керекли түр сабақларды жеткерип берип турды..

* * *

Зәкийра Оразбаева дәслеп еки адамнан қуралған миллий цехтың ветеран ағзасы. Ал усы цехтың ағзалары отыз қырыққа жеткен уақытта ол цехтың басқарыушысы болды. Ҳәзир жаслар қатарында белсене хызмет еткен шебер тигиуши ҳәм кестеши, өз жолы, өз исине жаңалық қосыу ушын аянбай изленип киятырған мийнеткеш нағыз шебер болып жетисти. Зәкийраның шебер қолынан шыққан кеуилге қонымлы сулыу, адамға жарасымлы етип тигилген нағыслы көйлеклерин ҳәм бешпентлерин кийип жүрген қыз-келиншеклеримизди ҳәзир жийи-жийи ушыратамыз.



Қарақалпақ халқының өлмес мийрасларының бири болған кестелеу өнерин тийисли нағыслар менен байытып, безелген көйлеклерди көргениңде қолы гүл шебер қызларымыздың исине рийза боласаң. Зәкийраға рахметлер айтасаң. Зәкийра орта мектепти питкергеннен кейин 1959-жылдың екинши ярымында Ташкенттеги пишиушиликти үйрениу училищесине оқыуға кирип, питкерип шықты. Кейин өзи ислеп атырған миллий цехқа келип исин дауам еттире баслады. Зәкийра 1969-жылдан берли КПСС ағзасы. Оның бир өзи елиуден аслам шәкирт таярлап шығарды. Ҳәзир миллий цехта ер адамлардыңда жыйын тойларға кийетуғын сырт кийимлериниң түрлери тигиледи. Олардың жағаларына, жеңлериниң ушларына, етегине ылайықлы нағыслар салынады. Бул нағысларды көрип қызығасаң, ықласың артады.

Үлке таныу музейиниң хызметкерлери менен бирликте телевидениениң арнаулы санында «Мийрасларымызды қәстерлейик» деген темада шығып сөйлеуимиз ҳәм музей хызметкерлериниң халықтың миллий нағысларының байлығы ҳаққында айтқан пикирлери бизлердиң нағысқа деген интамызды арттырды Исимизде рухланыушылықты пайда етти, әсиресе олардың «Кийимлеримизге миллий өзгешеликлерге ийе айырым нағысларды таңлап алып заманагөйлестирип, бүгинги күнде де пайдалансақ, ата мийрасымызды қәстерлеген ҳәм оған садықлық еткен боламыз» – деген пикирлери маған қатты тәсир етти. Нәтийжеде жойылып баратырған мийрасымызды қолға алдық. 1974-жылы директорымыз Айтгүл Сабурованың басшылығында усы цехты аштық. 1977-жылы «Гулайым» ательесиниң жанынан бизге кеңейтип жай ажыратып берди,—дейди. Зәкийра жаңа ательениң ашылыу тарийхын бизге баянлап.

Цехта дәслеп ислеушилердиң саны төрт-бес адам ғана екен. Ол уақта нағыс тигилетуғын машиналар жоқ еди. Қол менен нағысланатуғын болған. Ал цехтағы мастерлердиң өзи нағыслардың атларын билмеген. Олар үлке таныу музейи менен байланыс жасап, ондағы илимий хызметкерлерден кеңеслер ҳәм кестеленген жағаларды сорап алып үйренген.

Кейин цехта ислеушилердиң саны артты. Онлаған шәкирт қызлар алынды. Бул арада цех баслығы Зәкийра болса өз тәжирийбесин арттырыу жолында аянбай

изленди. Ашхабат, Ташкентке барып ол жерлердеги жергиликли халықлардың миллий кийимлериндеги үлгилерин көрип қайтты.

Дәслеп Зәкийраға шәкирт болып келген Гүлистан Қурбаниязова Жумагүл Алдашева деген қызлар соңғы ўақытта устазына теңелип өз шеберликлери менен өз үлгилерин ойлап таўып мастерлик дәрежесине жетти. Ҳәзирги күнлери олар да бир нешше шәкирт таярлап атыр. Зәкийра басқарған миллий цехтың шеберлери үлкенлердиң кийимлери менен бир қатарда бизиң келешегимиз ҳәм өмиримиздиң жарасығы болған балаларымыз ушын да жағаларына нағыс салған кишкене ҳәр қыйлы кийимлер тигип атыр. Мәселен кишкене он жасар шамасындағы қызға ылайықлап тигилген жеңсиз бешпент. Онда «Қос жулдыз» «Жапырақ гүл», «Қус қанат», «Қошқар мүйиз», ҳәм тағы басқада нағыслардың түрлерин ушыратасаң. Баланың кеўили жулдызға пәрўаз етеди. Қус болып аспанға пәлпеллеп ушады. Оның жасыл жапырақтай нәзик өмирин көз алдыңа келтиресең.

Улыўма алғанда кейинги ўақытлары миллий цехтың жумыслары тамаша жетискенликлери менен кеўилиңди өзине тартады.

Миллий цех еле жас. Ол өседи. Онда нағыслардың түрлерин байытып мийрасымызды жаңартып раўажландырыўшы маманлар көп. Оннан көп нәрселер күтиўге болады.

## ҮЛКЕМИЗДИ ҮЙРЕНЕЙИК

Халық музейлери—тәрбия мектеби болып есапланады. Ҳәр бир үлке, район, қала, аўыл, колхоз, совхоз ҳәм кәрхана, өзиниң белгили тарийхына ийе. Оның ҳәзирги әжайып адамлары, олардың басып өткен даңқлы өмир жоллары, дәстүрлери ҳәм олардың услап тутқан базыбир затлары, документлери ҳәм басқа да бизге жетип келген үлги боларлық нәрселерин қәстерлеп сақлап, үйрениўимиз керек.

Бул мақсетте халық музейлерин дүзиў бүгинги дәўир талабы болып есапланады.

Халық музейлерин шөлкемлестириў жумысы ең дәслеп музейге зат жыйнаўдан басланады. Музейдиң затларын жыйнаў жумысына музей кеңесиниң активлери,



партия, совет, профсоюз ҳәм комсомол шөлкемлери менен жәмийетлик кадрлар бөлими жәрдем бериўи керек. Ҳәзирги ўақытлары колхоз—совхозлардың тарийхы жазылып атыр. Бул музейлерди дүзиў ушын жақсы материал бола алады. Сондай-ақ мектеплерде де музей шөлкемлестириў үлкен әҳмийетке ийе.

Соңғы ўақытларда колхоз музейлерин халық музейлерине айландырыўда ҳәм оларды шөлкемлестириўде Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейиниң илимий хызметкерлери көп ғана жумыслар ислемекте. Олар республикамыздың районларында болып, бул ислерге жақыннан жәрдем берип атыр. Төрткүл районының М. Горький атындағы колхозынан ашылған халық музейи, район орайынан ашылған Үлке таныў музейиниң филиалын, Хожели районындағы Ленин атындағы колхоздан ашылған колхоз музейин, Шымбайдағы Қасым Әўезов атындағы совхоздан ашылған Қасым Әўезовтың мемориал музейин, Нөкистеги Университеттен, Жас туристлер станциясынан ашылған мәмлекетлик үлке таныў музейиниң филиалларын атап көрсеткен мақул.

Белгили қарақалпақ жазыўшылары ҳәм шайырлары атақлы жәмийетлик ғайраткерлерге арнап халық музейлерин шөлкемлестириў ўақыты келди. Ол өзиниң бай тарийхына ийе болып музей көриўшилерде жақсы тәсирлер қалдырыўы сөзсиз. Бул ислерди қолға алыў ҳәм оны иске асырыў, раўажландырыў улыўма халықлық ис болып есапланады

Музейлерди дүзиў бойынша бир қанша тәжирийбелерге ийемиз. Сонлықтан халық музейлерин дүзиў бойынша тийисли шөлкемлестириўшилерге бирқанша кеңеслеримиз бар.

Музей активин дүзгенде, партия, совет, комсомол, мийнет ветеранларын ҳәм активлерди тартып, музей дүзилетуғын орынларды таңлап, оның келешеги туўралы массаға түсиндирип барыўы керек. Материал жыйнаўда ҳәм оны шөлкемлестириўде бул жақсы жәрдемин тийгизеди. Себеби материал жыйнаў музей шөлкемлестириўдиң биринши басқышына киреди.

Адамлардың гүрриңлеринен, мағлыўматларынан, хат ҳәм басқа да документлеринен, сондай-ақ жергиликли советлерден, районлық, қалалық, областьлық ҳәм мәмлекетлик архивлерден керекли затларды, материалларды излеўши, сайлап, келисим менен сүўретке түси-

рип алыўы керек. Музей дүзиўшилери материал топлаўды тек сол дөгеректен жыйнамай, жергиликли жерде бурын болып, ҳәзир басқа да жақта ислеп атырғанлардан да жайнаған мақул болады.

Күтилмегенде табылған материаллар оның қандай болыўына қарамастан алына бергени жөн. Себеби, бундай материаллар арнаўлы қәнигелер тәрепинен изертленеди. Яки ол материаллар изертленемен дегенше фондта сақланып айырым илимпазларымызды қызықтырыўыда мүмкин.

Материал жыйнарда белгили бир тема бойынша жыйнап, алдын ала берилетуғын сораўларды дүзип алғаны мақул. Соның менен бир қатарда информатор туўралы толық мағлыўмат болыўы керек. Жазып алынған материаллар жақсы редакторланыўы тийис. Материаллардың қай ўақытта табылғанлығы, илимий анықламасы карточкаға жазылыўы керек.

Материалларды анықлап, таярлап болғаннан кейин музейде көрнекли орынға орналастырылады. Халық музейин безеў жумысларына колхоз ҳәм совхозлардың мәдений фондына тийисли қаржыдан жумсалады. Соның менен бирге көмекши материаллар экспозиция майданында көп орынды ийелемеўи керек.

Музейди көриўшилерге анық ҳәм түсиникли болыў ушын экспонаттың астына этикетка жазылып, оған сол материалларды кимлердиң тапсырғанын да жазған мақул. Музей ушын материаллар жыйнаў ол дүзилгеннен кейин де даўам етеди, ҳәм турақлы жумыс islейди. Музей жаңа материаллар менен толықтырылып барылса ғана көриўшилерди өзине тартады. Материал жыйнаў кәрхана, өнеркәсип орны, колхоз ҳәм совхозларға еки тәреплеме пайда келтиреди.

Биринширден музейди жаңа баҳалы тарийхый затлар менен байытса, екиншиден, көп адамлардың өтмишке қызығыўшылығын арттырып халық мүлкин қырағылық пенен сақлаўға үйретеди.

Жасларды патриотлық рухта тәрбиялаўда халық музейлериниң әҳмийети күшли. Өз кәсибине, коллективине болған сүйиўшилиги, келешекке исеними артады. Сонлықтан улыўма халықлық истиң бир тараўы болған халық музейлерин дүзиўге жақсы кеўил аўдарыўымыз керек.

Музей—жасларды патриотизм ҳәм интернационализм



рухында тәрбиялайды ҳәм мийрасқа садықлыққа үйретеди. Әсиресе мектеп оқыўшыларын жәмийетлик жумысларға актив қатнастырыўға өз үлкесиниң тарийхын үйретип, оны ҳүрмет етиўге тәрбиялайды.

Ҳәр бир мектептиң өзинде мектеп музейи болғаны дурыс. Мектеп музейи оқытыўшылар ҳәм оқыўшылар коллективиниң мийнетлерин сақлаўшы орын ғана емес, ал соның менен бир қатарда мектептиң ҳәзирги турмысын келешек пенен байланыстырыўшы ролин де атқарады.

Мектеп музейлерин шөлкемлестириў ҳәм қурыў ушын муғаллимлер және оқыўшылар коллективиниң аянбай излениўи керек болады. Пионерлер ҳәм комсомол жаслар өз устазларының басшылығы астында архив материалларын излеў, оны қунт пенен үйрениўи талап етиледи.

Мектеп музейин шөлкемлестириўдиң дәслепки этабында мынадай жумысларды ислеген жөн. Дәслеп музей фондына материал жыйнаў нәзерде тутылады. Музейдиң фонды тийкарғы ҳәм көмекши болып екиге бөлинеди.

Тийкарғы фондқа үлкениң археологиялық қазылмалары, архив материаллары, ботаникалық ҳәм биологиялық, материаллар, илим жаңалықлары, мийнет қураллары хожалық буйымлары, китаплар, газеталар ҳәм тағы басқа да көплеген материалларды киргизиўге болады.

Ал көмекши фондқа болса карта, диаграма, схема, макет және моделлер, фотокопиялар жатады.

Тийкарғы фондты жыйнаў ушын үлке бойлап экспедицияларға шығыў, походлар шөлкемлестириў, ол жердеги үлкениң археологиялық қазыў орынларын көрип, затларын жыйнаў, аўыл ҳәм мекемелерде болып, ветеранлар менен ушырасыўлар өткерип, олардың документлерин, сүўретлерин алып қайтыў жумысларынан басланады. Фондқа әкелип тапсырылған затлар оқыўшылар ҳәм муғаллимлердиң қырағылық пенен сақлаўын талап етеди. Барлық жыйналған затлар музейдиң инвентарь китапшасына тиркелип, жазылып барылыўы тийис.

Мектеп музейи жас өспиримлерге сиясий жақтан ҳәм теориялық жақтан билим бериўши қолайлы орынлардың бири Комсомоллар өзлериниң теориялық кон-

ференцияларын, гейде сабақларды да сол жерде өткерсе шеп болмайды.

Оқыўшылардың программасына тийкарлана отырып ҳәр күн сайын музейге қызығыўшылардың санын көбейтип барыў керек. Усының менен бирге оқыўшылардың Музейге болған қызығыўшылығын педагогикалық тәрбия менен тығыз байланыстырып, жанлы мысаллар менен алып барған мақул.

Мектеп музейин қурыўдың екинши этабына экспозицияны орналастырыў, яғный көргизбени қурыў мәселеси киреди. Бунда тийкарғы фондқа жыйналған затлар дәўирме-дәўир бөлинип, избе-излилик пенен қойылады жыйналған затлар көргизбеге қойылып болғаннан кейин оның тематикалық планы дүзиледи. Планда көрсетилген графаларға темалар бөлинип жазылады. Планға тағы да қандай материаллар менен толықтырыўға болады бул ҳаққында жазылса да болады. Улыўма алғанда тематикалық план көргизбениң мазмунын ашып турыўы керек.

Усының менен бир қатарда ҳәр бөлим көмекши фондтағы макетлер, модельлер менен карта, диаграммалар ҳәм түсиндириўши текстлер менен толықтырылып барылғаны мақул. Бул жумысты мектептеги басланғыш партия шөлкеминиң басшылығы астында, ҳәм халқымыздың ата мийрасларына қатты қызығатуғын бир муғаллимге тапсырғаны мақул.

Солай етип халықтың өтмишин қәстерлеўди, ертедеги халқымыздың бай қол өнер мийрасларын үйрениўди мектеп партасынан баслап қолға алса, бул ҳәммемиз ушын да пайдалы болған болар еди.

Халқымыздың өтмиштеги бай мийраслары бүгинги күнимизди келешек пенен байланыстыратуғын алтын шынжырға айналар еди.

Партиямыздың XXVII съездинде тарийхый мийрасларға қырағылықты, руҳий мәдениятымызға ҳүрмет пенен қараўға дыққат аўдарыў креклигин айрықша атап көрсетти. Съездиң, бағдарлаўшы материаллары жаңа мәртлик ислерге жигерлендириўши күш болып есапланады.



**ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

Советлер Союзы Коммунистлик партиясының программасы (Жаңа редакция) Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986

Основы советского музееведения. М., 1953.

История Каракалпакской АССР, т. I. Издательство АН УзССР, Ташкент, 1964.

«Этнография Каракалпаков XIX—начало XX— века». Материалы и исследования. Ташкент, 1974.

А. Алламуратов. Каракалпакская народная вышивка. «Фан», «Ташкент», 1970.

А. Алламуратов. Қарақалпақстан искусствосының тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1968.

**МАЗМУНЫ**

Мәдений мийрасымызды қәстерлейик . . . . . . 3
Қол өнер искусствомыз ҳаққында . . . . . . 11
Музей залларын аралап . . . . . . . . 39
Гөззаллық шайдалары . . . . . . . 48
Үлкемизди үйренейик . . . . . . . 62

На каракалпакском языке

Гулпаршын Қамалова

**ПРЕКРАСНЫЙ КРАЙ**

(Рассказы по материалам Краеведческого музея ККАССР)

Издательство «Каракалпакстан»
Нукус — 1986

Редакторы **К. Ерназаров**
Художник **А. Әметов**
Худ. редакторы. **К. Реипназаров**
Тех. редакторы **Ж. Досжанова**
Корректоры **Ә. Әбдираманова**

ИБ 2676

---

Териўге берилген ўақты 5.V. 1986-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 20.VI. 1986-ж. РҚ 32143 Қағаз форматы 84x108$^{1}/_{32}$. №2. Көлеми **1,875** баспа табақ, 3,15 шәртли баспа табақ, 3,16 есап баспа табақ. Заказ 115 Тиражы 7000. Баҳасы 35 т.

---

«Қарақалпақстан» баспасы, 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

---

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң «Правда»ның 50 жыллығы» атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси 9.

Баҳасы 35 т.

НӨКИС, «ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»—1986